Ndey Daba Ñaan



Séy xare la

Cet ouvrage est publié grâce au fonds d'aide à l'édition
du Ministère de la Culture et du Patrimoine historique classé
- Direction du Livre et de la Lecture

Téere bii, siiwalees na ko ci ndimbalal sàqu jàpple móol mi nekk ci
Njawriñu Caada ak Moomeelu Cosaan bi ñu feg
- Njiiteefu Téere ak Duruus

© OSAD 2006

Illustration : Fassara

PL
8785.9
N236S49
2006

Ndey Daba Ñaan

Séy xare la

Cet ouvrage est publié grâce au fonds d'aide à l'édition
du Ministère de la Culture et du Patrimoine historique classé
- Direction du Livre et de la Lecture

Téere bii, siiwalees na ko ci ndimbalal sàqu jàpple móol mi nekk ci
Njawriñu Caada ak Moomeelu Cosaan bi ñu feg
- Njiiteefu Téere ak Duruus

© OSAD 2006

Maaska yi

Maaskay téj «accent aigu» ci ***e, ee, o*** ak ***oo*** rekk la mën a tegu : ***é, ée, ó, óo***. Bu ko ci am ci baatal yooyu moo gën a tëju bi ko amul :

xel mu ñaw / xél yu gaaw
genn garab/ génn réew mi
door liggéey bi / dóor kaña gi.

Maaskay tijji «accent grave» ci ***à*** rekk la mën a tegu, ***à*** bi ko am moo gën a ubbeeku bi ko amul, mel ni diggante :

takk na jabar / matt maa ngiy tàkk
njaay mi dafa lamb / làmb ja tas na
and wi fey na / àndbi neex na.

Lu waral boole ***-oon***, teqale ***woon*** ?

Mënees naa tontu ni làmmiñ wee ko defal boppam, ndax diggante ***-oon*** ak ndeyu baat bi, amul lenn lees ci mën a roof : xalaat***oon*** na ko

Loolu nag dalul ***woon***, ndax am na lu mën a jaar ci diggante bi : dafa defe ni ***woon***, gisuma ko ***woon***

Waaye nag bu la baat yii di ñëw nax : *raw**oon** na, taw**oon** na, ñëw**oon** na....* dees koy boole ndax mbirum ***–oon*** la, moo fekksi *raw, taw, ñëw.*

Li ñu naan biddéewu bëccëgu ndara-kàmm moom la Dégén Faal gis, bi ko boroom këram bii di Abdu Gay dóoree mbej mu tàng jérr, ci bi tisbaar di bëgg a jot. Ca saa sa, xamul woon fu mu féete ndax miir, néeg bi ñu nekk ñoom ñaar mel ni dafay wëndéelu ci ay gëtam, ba noppi bopp bi ak nopp yi di riir ndax metit.

Mu ni bërét jóg ci baŋ bi mu toogoon, mënul jéggi benn tànk ngir metit wi dafa mel ni luy gën a tar. Ñu ni déet muy ter-teri, ba yàgg ni këpp ci suuf daldi daanu. Jéll bi nag ak yuuxu gi ñoo ànd :
- wóoy sama ndey ! wóoy yaay, maa ngi dee !

Noona, mboolem waa kër gi daldi dawsi. Ku ne di laaj lu xew. Li jaaxal Dégén nag, mooy gis na ku ne di yëngal ay tuñ, mu xàmme ñiy wax, wànte déggul dara ci li ñuy wax.

Mu boole metit ak njàqare, ak tiitaange ; muñ, mënatu koo muñ, mu yuuxuwaat :
- wóoy sama nopp yaa ngi toj ! wóoy yóbbuleen ma loppitaal !

Foofu nag, Abdu moom tiit na tiit goo xam ne du ko nettali kenn. Mu ngi wiiri-wiiri, fu ne mu xool fa. Di jaabante ci néeg bi, di dem ak a dikk, di toog ak a jóg taxaw, xamul lu muy def. Noonu, Soxna Xadi Jóob mi nga xam ne mooy way-juram wu jigéen, moom Abdu, ne ko :

- lii de bettu ma. Bés bu ne ma la daan wax nga bàyyi sa gaaw a doóre bi, doo ma déglu. Xamoon naa ne dinga ko mas a gaañ, indil sa bopp ay tolof-tolof. Waaye nag, nii muy woñaaroo, ku ko gis xam ne sonn na. Nañleen ko yóbbu kër doktoor moo gën wax ju bari ji.

Abdu mii nag, Yàlla na ma Yàlla dimbali ba bumu ma indil mukk musiba ci kër gi, ngir naqari deretam gi.

Yoonu loppitaal ba nag, Dégén moom xamu ca dara ndax metit. Ba ñu yeggee tam it, la ñuy wax ak doktoor ba yépp, xamu ca dara ndax déggatul lenn.

Bi doktoor bi jàkkaarloo ak moom, ay tuñam di yëngu, mu xalaat ne dafa koy laaj lu koy metti, mu ne ko :
- Man daal doktoor, sama bopp bi ak sama nopp yeey metti lool, te yitam déggatuma dara.

Ci la ko yóbboo ci ab néeg, tëral ko ci ab lal, seet ko, ba noppi bindal leen ab woordonaas ; Abdu dem ca farmasin ba jënd ko dellusi.

Ba mu wannee ci doom yi ba noppi, fajkat ba pikkiir ko, la metit wi wàññeeku, mu daldi nelaw, fàtte ay boram. Dégén nag, xamul ñaata waxtu la nelaw, yëgul ba léegi ba seen waa kër di ñibbi. Ba

mu yeewoo daal, la gis yaayam Soxna Awa toog ci wetam di ko xool, gët yi xonq coyy, mu xalaat ne, way-juram wii kat dafa doon jooy.

Naka la xippi ay gëtam, Soxna Awa xam ne yeewu na, mu daldi mel ni kuy wax ak moom. Dégén nag, yëgatul metit wu tax ñuy wax, waaye mu ngi gën a jaaxle ndax ba léegi mënul a fexe ba dégg. Mu ni yaay ji : - yaay, jàmm ngaam ! Kañ nga fi ñëw ? Mbaa yàgguloo fi ? Man de dégguma li ngay wax, wànte metit wi moom daanaka dal na.

Fa mu waxe loolu, yaay ji ne yikkët di jooy. Noonu, xaritu Dégén bu ñu naan Ndey Jaw duggsi. Kooku nag, mooy xaritu benn bakkanam. Ñoo yaroondoo, màggandoo benn dëkk bu ñu naan Cees-Kaay, daan ànd ba ñu nekkee ay gune, ba ba ñuy nekk ay janq, ba ku ci ne séy, ñuy ànd ba tey, gën a nekk ay doomi ndey.

Ndey nag, bi mu duggsee, dafa nuyu yaayu Dégén, jàmmante ak moom, daldi ñëw ci xarit bi, nuyu ko, wax ak moom, kooku tand rekk tontu ko. Bi loolu amee, Ndey mel ni ku jaaxle, waññeeku di waaj a wax ak Soxna Awa, noonu doktoor ba duggsi moom it.

Ba mu nuyoo ña mu fa fekk ba noppi, mu seetaat Dégén, am lu mu wax mbokk yi, ñooñu àndandoo jooy. Ci la Dégén nag daldi am ñaaw njort, daldi

ne ci xelam : «AA ! Man nag, maa ngi door a xam li ma jot ; dama tëx. Xamoon naa ne fii laay mujjeek Abdu».

Noona, naka ñoom yaayam dem, muy fàttaliku coow li mu séqoon ak boroom këram, ba jële ci musiba mii :

- Dégén, sama garambubb bu bulo boobii di lonke, tilim na. Dama bëgg nga fóot ko.
- Nijaay, man de tey, sama yaram neexul dara ; xanaa bu Ayda wàccee, ma wax ko mu fóot ko.
- Waaw, man Ayda mooy sama soxna walla yow ?
- Man kay nijaay maay sa soxna. Waaye dama defe ni, ndegam dama xaw a tawat, sañ naa koo jox sama doom kay mu fóot ko. Loolu dara nekku ci. Te sax nag nijaay, léegi bi ma Yàlla dimbalee ba samay doom màgg, ba mën li ma mën, wax dëggi Yàlla, war naa mën a noppalu tuuti !
- Ma ne, bëgguma póotum Ayda, ndax xale yi seen liggéey du baax. Te yow sax, seetlu naa ni, ba nga dooree sa tukki bii, ba mënal sa bopp ba léegi, dangaa soppeeku !
- Yow kay nijaay, yaa ma bëgg a sosal rekk. Sama tukki bi nag, bés bu Yàlla sàkk nga tudd ko. Moone de jëndi bii may dem di jëndi màrsandiis di ñëw, di jaayaat, jubluwuma ci dara lu dul sunu njaboot gee ca lekkool ba bañ a ñàkk lenn lu jëm ci ay téereek i karne luy gàllankoor seen njàng.
- AA ! Danga bëgg a wax ne man miy seen baay, jëndaluma leen ay jumtukaay ?

- Loolu de nijaay, yaa ci yegg.

Ba ko Dégén tontoo loolu, la jóg ca lal ba mu tëddoon, daldi xëcc ab baŋam toog, won ko gannaaw, jàpp njaamburam ngir daw coow.

Abdu ne ko :

- Man ngay jaay daŋ ŋaam. Tey ma won la ne man kenn du ma yab, rawatina jigéen.



Noona, Dégén di waaj a jóg daw, wànte balaa mu naan ñokket, la ko doxe gannaaw ne ko am talaata réll.

Dégén nag, fi muy fàttalikoo xuloo boobu, bay naan ci xelam :« waaw ndax wax jii, jar na ñu mbej ma ba ma jële ci tëx ? Xanaa kay, kii dafa am lu mu ma dencaloon », ci la am ku duggsi ci néeg bi ñu ko dugal, indil ko reer, muy door a xam ne jant bi so na.

Guddi gu jëkk

Guddi gi mu jëkk a def ci loppitaal bi nag, ba lépp nee selaw, ñépp di nelaw, Dégén moom mënul fexe ba gëmm bët. Muy walbatiku ci lal bi, ak a walbatikuwaat, xol bi jeex tàkk ; ba yàgg rangooñ yiy tuuru. Muy jooy, di jooy, di jooy ba xolam sedd mu ni ci xelam : « lii de mooy li ñu naan cat du wees. Céy bu démb doon tey, dinaa dégg li ma sama yaay daan wax. Li wolof njaay naan : wăxi mag dina yendu àll waaye du fanaan mukk, dëgg la ».

Muy fàttaliku mook Ndey Jaw seenug ndaw. Ñoom ñaar, ñoo bokkoon benn koñ bu ñu naan Jaxaaw, seen ñaari kër jàkkaarloo, ñu bokk benn daara ju ñu daan jànge alxuraan. Su ñu wàccaan, ñuy fo, di defar seeni doomi sagar, di togg seeni ñami suuf, di paraaliin, di ãy ak ñoom – seen. Ñuy màgg di ànd, di léttante ay taxañ ak i mëgg, ba ni ñu doone ay janq. Jamono yooyee, ku ci sa yaay yónniwaan, sa moroom dafa la daan gunge. Bu ñu daan dem ja bạ nag, ñu ngi daan jaar ca tali Jaxaaw ba nga xạm ne moom nga daan tàllal ba yegg. Ñuy jaar ci suufu garabi xay yi feesoon dell ca tali ba. Garab yooyee nag, am na ay jamono yoo xam ne day fees dell ak ay picc yu ñuy woowe xodd. Xodd yooyee nag, nit da daan dox ci suufu xay yi, solu ba jekk, di dox ba yàgg rekk, ñu xayt

ko, mu daw. Rawatina ñi nga xam ne dëkkuñu woon ci koñ bi. Ñooñu, da leen daan bett. Danga daan jékki-jékki rekk gis ku yuuxu daldi daw, nga xam ne picc yee ko ko def, su ko defee ñu koy reetaan naan ko : laay xodd yi tudde nañu la doom.

Ñuy dem ba nekk ay janq yu mat sëkk. Booba, ku ci nekk, Yàlla may na la taar boo xam ne, foo jaar ñu sopp la. Bu ñu àndaan, nit ñi dañu leen daan xool ba yàgg ñu ne : «lii de mooy li ñu naan Yàllaay xam boole, ñaari xarit yii de mën nañoo ànd».

Dégén dafa nekkoon diggi-bi nit, jekk, taaru, xees pecc, karaw gi di daanu ci diggu ginnaaw gi. Moom nag, dafa jël ci baayam bi nga xam ne laal na ci Naar.

Ndey Jaw am taxawaay, jekk moom it, taaru lool, mu ñuul ñuulaay bu rafet, gëñ yi weex tàll. Fi muy fàttalikoo nag ba yegsi ci seenug njanq, fekk boobu fajar jaa ngi dugg, ci la Dégén for bët.

Ëllëg sa nag, mën nañu ne bés bu gaaw la ci Dégén, ndax wéetu ci benn yoon. Bi mu xéyee, gannaaw bi ñu ko indilee ndékki, ba seet ko, jox ko ay garabam, la ko nit ñi tàmbalee seetsi ba ni jant di sowe. Ba yoor-yoor di waaj a jot, la boroom këram yegsi ànd ak way-juram Soxna Xadi. La ñu fa toog lépp nag, Abdu moom mënul a siggi, ndax

gàcce. Dafa sëgg rekk, ne yagg-yaggaral, mënul a fexe ba xool Dégén.

Ba ñu fa toogee ay waxtu bay dem, Dégén daldi dénk goro bi njabootam ga ca kër ga. Moom nag, mere gi mu mere jëkkër ji ak jéppi gi mu ko jéppi tax na ba, la mu fa toog lépp, tuddu ko, taasu ko. Ba ñooñu demee, la yaay ja, Soxna Awa ñëw moom it, toog fa ab diir sog a dem.

Ba Dégén añee, ba noppalu, la Ndey Jaw duggsi, nis tuuti, rakki Abdu yu jigéen yi mu bokkal kër ñoom it yegsi. Ba ñu ñibbee ñoom ñépp, la doom yi nga xam ne ñu ngi door a wàcc ca lekkool ba daldi ñëw ñoom it seetsi seen yaay. Ñoom nag, Ayda la, miy mag, topp ci Faatma, topp ci Jatu mi gën a tuuti ci jigéen ñi, ak séex yu góor yi, Uséynu ak Asan.

Seen mag ñoom ñépp, di taawu Dégén, mooy Kadeer. Kadeer nag, ñëwul ndax nekku fi. Ma ngay jàngge ca daara ju mag ja ca Ndakaaru, ñu koy wax iniwersite. Ayda mi topp ci moom, mu ngi ci mujjeelu kalaasub liise, war a def eksame bu ñu naan ci nasaraan bàkkaloriyaa, mu rawe benn kalaas Faatma, moom it mu rawe Jatu benn kalaas. Ñoom ñii nag, seen yaay dafa leen daan nef, moo tax ku ne daanaka benn at nga mage ki topp ci yow. Séex yi, Uséynu ak Asan ñoom, kalaasu bërëwe lañuy def.

Njabootam gii yépp nag, Yàlla dafa def ñu bokk benn lekkool bu ñu naan liise Maalig Si, ndax Cees, benn liise boobu rekk moo fa amagum. Ba xale yi duggsee, xolu Dégén dafa sedd guyy. Mu fàtte naqar wi mu ame woon ca saa sa, ngir mbëggeel gi mu am ci doom yi, ak nab gi mu nab ci ñoom, nga xam ne loolu rekk moo ko bàyyi seen kër baay, ki nga xam ne lu ne muŋ ko fay daj ci coono, ak naqar, ak tiis. Waaye loolu lépp dafa toogoon di ko muñ ngir njabootam, ba lii tey fekk ko fa.

Xale yi nag, ku leen gis ni ñu tooge ci seen weti yaay, seen kanam yi ñagas lool, nga xam ne am nañu naqaru xol lool. Ñu jigéen ñi sax, bi seen rangooñ yiy tuuru teyatuñu ko. Ñoom nag, bés bu ne seen baay daan metital seen ndey, seen xol da daan jeex tàkk te daawuñu ko ñemee wone, ndax ragal gi ñu ragal seen baay. Ku ci daan jooy sax, danga daan nëbbatu cib ruq ngir bañ mu gis la, sippi la ko. Bi jant bi di waaj a so nag, la Dégén ne doom yi ñu jóg ñibbi balaa muy guddi. Bi mu leen waxee loolu, mu gis ne sawaruñu ci, mu ne leen :
- xam naa ne doylewuleen ci man, man tam it noonu. Wànte, war ngeen a jàngi seeni lesoŋ.

Xale yi daldi jóg ak seen xol yu fees, ku ne di fomp ay rangooñ. Mu dellu ne leen :
- santleen Yàlla. Maa ngi tëdd fii, waaye maa ngi nii di wax ak yéen. Am na ñu tëdd fii, ci loppitaal, ñoo xam ne, lii ma mën ak us néew, fekku leen ci.

Léegi nag, dëggleen lewte. Maa ngi leen di dénk Yàlla buur bu màgg bi, ak Yonent bu tedd bi. Bu ngeen àggee ci jàmm ak salaam, nangeen jàng bu baax. Duma tàyyi mukk ci di leen ko wax.

Ñaareelu guddi

Ñaareelu guddi gi, ba ña ko seetsi woon ñépp ñibbee, mu wéet cib lalam, la xalaat ya dellusi. Mu dellu di fàttaliku mook Ndey Jaw ba ñu nekkee janq, ba tollu ci ñu leen daan bëgg. Booba saa, fu ñu jaaraan, waxambaane yi dañu daan bëgg a xam seeni kër ba seetsi leen, ngir seen taar.

Muy fàttaliku, keroog ba muy jëkk a gis Abdu. Jamono yooyee, ñoom ak seeni moroom, powum sabar lañu xewaloon. Bu tàkkusaan jotaan, ñu tuwaaletu ba jekk, ookaru, daldi dem ca làng ga, fecc ba doyal.

Bu ñu daan maye seen moroom tam it, guddi gi jiitu takk ga, ndaw siy waaj a séy, dafa daan maye tànnbéer. Keroog nag, dañoo solu ba jekk, mook Ndey, di dem tànnbéer. Ci lañu dajeek Abdu, muànd ak benn xaritam.

Ñu di leen xool, di leen xool, ba ñu won leen gannaaw, ñu di leen geestu, ba yàgg ñu muñ ko, mënatuñu ko, ñu waññeeku dab leen. Ba ñu waññeekoo, ñu nuyu leen, laaj leen seen tur ak seen kër, ne leen dinañu leen seetsi.

Ca ëllëg sa, naka ñu julli tàkkusaan ba noppi, ca la Abdu ak Omar xarit ba yegsi kër ñoom Dégén. Ba ñu nuyoo waa kër ga ba noppi, ñu toog ca baŋ ya ñu leen joxoon, di waxtaan. Ca lañu jóge, daanaka ayu-bés bu ne ñu dellusi.

Abdu moom daldi lal ngoro ca Dégén, Omar ca Ndey. Waaye, ba ñu demee ba yàgg, ci lañu xam ne Omar dafa am soxna, Ndey daldi génn ca saa sa ca ngoro ga, ndax jamono yooyu, moom dafa daan taamu ne bëggul boroom soxna, ngir ragal kujje.

Ñuy dem, di dem ba yàgg, Ndey tam it am ab waay bu ñu naan Njaga. Ñoom ñépp nag, yenn saa yi, kër ñoom Dégén lañu daan daje di àttaaya, di defar seeni meew, di waxtaan.

Abdu nag, dafa nekkoon nit ku yegg ca kow, am taxawaay, am jëmm. Mu nekkoon ku bëggoon Dégén, tabe, lu mu am yéene ko ko. Waaye amoon na jikko yoo xam ne, jaaxaloon na Soxna Awa, yaayi Dégén. Muy naqari deret, ak fiir, ak gaaw a mer.

Ñoom Dégén, taaru gi ñu taaru woon, tax na ba waxambaane bu leen gisaan, ñëw seetsi leen. Bu ko defee, Abdu moom, bu fa dajewaan ak kenn rekk, daawul am jàmm.

Dafa daan toog ne patt, jàpp njaamburam, dootul ŋaaŋ. Moom sax, naka jekk du nit ku bari wax, ku noppi la. Wànte, bu fa gisaan kenn la daan raw. Ba noppi, dafa daan mer a mer, ba buy ñibbi daawul tàggoo ; ñu ni déet, muy fél bunt yi.

Benn bés nag, ba nga xamee Abdu defati na fa mëninam ba noppi, Soxna Awa xaar ba ñépp dem, mu woo doomam ca néegam ne ko :
- Dégén, wolof njaay nee na, ku la mag, ëpp lay sagar. Te man de sa waa jii, jikkoom yii de daluñu sama xel !
Dégén tontu yaay ja ne ko :

- yaay, yow tam it, xam nga ne moos Abdu dafa fiir rekk waaye ku baax la, ku yéwén.

Soxna sa ne ko :
- loolu lépp umplewuma ko. Wànte kii, fiiraangeem gii dafa jéggi dayo. Te wolof njaay nee na, lu feeñ ci séy, nuyoo woon na ca ngoro ga, dañu koo feyul. Te kii kat, nii muy def, bu fi fekkee nit, di wone meram ak a fél i bunt, ragal naa, bés bu ngeen séyee, mu sonal la, mbaa sax mu lay dóor, ndax kat gis nga ni tam it ku am kàttan la.
- Ey yaay ! Xam nga ne moos Abdu du ma dóor. Te sax, bu ma séyee ak moom, kenn dootu ma ñemee seetsi, ba mu ciy fiir.
- Loolu dëgg la. Waaye, «jikko ak boroom : pax». Ba tax na, naqari deret gi mu naqari deret, bu ngeen séyee it, du tee mu wone ko ci beneen fànn.
- Yaay daal, li ngay ragal lépp du am, ndax Abdu dafa maa bëgg.
- Baax na. Man de, wax naa la li ma xam. Boo sàggantuwul nag, Ndey mii di sa xarit, dina la gën demin. Ndax Njaga ku baax la, ku neex deret, ku teey, te masul a dajeek benn jamaaleem, ba tax mu wone genn yiwadi, mbaa mu soppiku.

Bi Dégén fàttalikoo ba yegsi ci waxtaanam woowee ak yaayam, mu wiccax boppam, daldi ne :
- céy Yàlla ! lii de mooy li ñu naan réccu dafay wees.

Noona, ci la ko nelaw fëkke.

Ñaareelu bés bi Dégén def ci loppitaal bi, daanaka mook bi ko jiitoo yem. Xéy nañu seet ko, jox ko ay garabam, ba noppi, seen waa kër door a agsi seetsi ko ; Ndey noonu. Abdu moom, na mu daan def la ñëwewaat. Maanaam, toog rekk ak gàcceem, mënul fexe ba siggi xool Dégén. Ñoom Ayda ñoo fa mujj a ñëw, ba ñu wàccee lekkool. Moo tax yàgguñu fa.

Ba mu wéetee moom rekk di xalaat nekkinam ca seen kër ba yàgg mu ne ci xelam : « séy xare la, saa yoo ca juree doom, jam nañu la. Mag ñee ko wax. Kàddu gii nag, du jóg mukk ci sama xel. Muy kàddu gu dëggu ; ndax man seetlu naa ni jigéen, keroog ba muy tàmbalee am benn doom, la coonoom ak naqaram di tàmbali. Na njabootam di yokku, coono gi gën a bari ca biir néegu séyam. Ndax booba, taaram dafay wàññeeku, muy jëm mag, rawatina nag, bu fekkee ne dafay nef ni man. Su ko defee, yëg ga ko boroom këram yëgoon ak cofeel ga mu amoon ci moom tàmbalee wàññeeku. Yàlla bu fekk nag, muy góor gu ñàkk kóllëre, te moo fi bari tey, dafay daldi fàtte démb ak fa ngeen jaaroon yépp, fàtte ne : sebet ndox la woon...Te tam it, ndox fa mu daan jaar, boo fa demee fekk fa tepp-tepp...Séy xare la, xare bu metti, ndax man mii tey, lii ma dal nii, dara tegu ma ko lu dul séy. Moone de, am naa yaakaar ne séy naa séy bu rafet. Ndax, nekkuma ci lu dul jéem a dab sama bànneexu boroom kër, di wéy ci waawam, di moytu

Ndax, nekkuma ci lu dul jéem a dab sama bànneexu boroom kër, di wéy ci waawam, di moytu lépp lu muy bañ, di toppatoo sama njaboot, ba taluma sax sama bopp, di toppatoo samay goro ak samay njëkke, di def lu ma mën ngir bégal leen. Te terewul amuma ci benn ngërëm, xanaa kay ay metital ak i dóor».

Ñetteelu guddi

Bi Dégén di xalaat loolu ba yàgg, ci la gis ni guddi gi dugg na, mu fëgg lalam tëdd. Waaye nelaw yi daw ko, xel ma dellooti démb. Ba nga xamee ne Soxna Awa woo na ko, ba waxtaan ak moom ba noppi, Abdu moom, nekk ca na mu meloon ba tey rekk, soppiwu ca dara. Ñuy wéye noonu, di wéye noonu ba mu mat daanaka at.

Benn bés, yaayi Dégén bàyyi ba waa kër ga yépp tëdd, mu ñëw fekk doom ji ca néegam ne ko :

- Dégén, Faal Njaga Yaaram, dama ñëw ñu waxtaanati. Sa baay de, umplewoo ni dafa àllaaterete, waaye taxul muy toog ci kër gi, ndax tàmmu ko. Mu ngi ci garãpalaas yi rekk. Terewul nag, gis na dugg beek génn bi fi Abdu di def boobu ba léegi, ba tax na, mu ngi may laaj ay tànkam. Sa baay nag, xam nga ne amul benn caaxaan. Te fi mu nekk, mu ngi koy waaj a woo. Te bu boobaa, bu ko naan soxnaa ko tax a jóg, mu la koy may. Gis nga sa doomi baay yi nekkoon ci kër gi ñépp, yàggalul seeni mbir, ba fi mu ne nii, ñoom ñépp séyi nañu. Moo tax, yaay bóoy, xam nga ne man yow rekk laa am ci doom, te sa bànneex rekk laa bëgg, ba tax na su ma sañoon, booy dugg ci séy, mu doon séy bu baax, boo xam ne doo ko réccu mukk ëllëg. Ndax séy kat du benn bés. Moo tax, Abdu mii kat, bu ma doon yow, nga dàq ko, balaa la ko sa baay di may te tànn keneen ku ko gën jikko, ndax tubaarkàlla ñi la bëgg bari nañu.

Dégén déglu yaayam ba mu noppi, ne ko :
- yaay, nee naa la li ngay ragal lépp du am. Abdu, nii muy doxale du lenn lu dul mbëggeel gi mu am ci man ak xér gi mu xér ci man, ndax ku la bëgg moo lay fiire. Te man yaay, ñeneen ñi fiy ñëw ñépp bëgguma ci kenn. Moom laa bëgg.
- Dégén, jigéen, ki mu bëgg amul solo. Ki ko bëgg lay xool. Te man sa ndey, say nopp, bi ñu may may sa baay, xamuma ko woon sax, ba di ko bëgg.
- Wànte yaay, dangay xam ne jamono yooyu weesu na.

Bi nga xamee ne Soxna Awa wax na ba sonn mënalu ko dara, mu ne ko :
- man de Njaay Jaata, jaaxle naa ci xaley tey, dëgër bopp gi ñu dëgër bopp. Léegi nag, dinaa wax Ndey miy sa xarit mu waxtaan ak yow, ba xam dina la mënal dara.

Ca ëllëg sa, Soxna Awa mi nga xam ne du tàyyi mukk ngir bëgg gi mu bëgg benn doomam bi ko Yàlla may, daldi demati ca kër ñoom Ndey, ngir mu dimbali ko ci xarit bi. Bi nga xamee ne Ndey waxtaan naak Dégén, ba kooku xamal ko ne bëggul keneen ku dul Abdu, moom it mu daldi faral xarit ba. Ndax ñoom ñaar kat, lu neex kenn ki, neex na ka ca des.

Léegi nag, bi yaayi Dégén jéemee pexe yu ne, mënul a tàggale doom jeek waayam ji, mu daldi

toog jàpp ci Yàlla. Teguñu ci lu yàgg, Abdu mi nga xam ne léegi baayi Dégén woo na ko ba mu xamal ko ne tànki soxna ñoo ko yëkkati, daldi yebal ay kilifaam, ñu ñaanalsi ko jabar.

Noona, góor gu ñàkk caaxaan ga, daldi leen may soxna, mu nekk lu tiis yaay Awa, waaye, li ñu naan ñàkk pexe, pexe la, mu nangu dogal bi. Bi nga xamee ne Dégén xel ma dellu na démb ba ca keroog bi ñu ko mayee, fa la ko nelaw songe.

Ba suba jotee, ba Dégén jublu ci boppam ba noppi, ba ñu seet ko, mu génn doxantuji ci biir loppitaal bi, balaa mbokkam yee ñëw.

Ba mu fuddee ay tànkam ba noppi, mu dellusi ca néegam. Nis tuuti, boroom këram daldi duggsi, nuyu ko, toog ci ab siis. Toogaay ba nag, mook ya ko jiitu woon ñoo yem. Dafa sëgg rekk ne patt-pattiiral.

Dégén itam, newu ko wow na, walla tooy na te naan ci xelam : « man de xam naa ne ñëw boo xam ne danga naan yagg rekk, mënuloo xool sax ka nga seetsi, balaacaag kay, nga ba ko ».

Fa muy xalaate loolu, la Ndey yegsi. La mu fa toog lépp moom it, Abdu daanaka waxul ak moom ngir kersa ga mu am ca la mu def. Ndey it, jàpp njaamburam, ndax moom tam it mere na ko, mere

sekkare. Noona, Soxna Awa yitam duggsi. Naka la ko doom ji gis, fit wi ne réll, mu tiit, ndax ba li am amee ba tey, yaayam ak Abdu dajeeguñu woon.

La mu doon ragal nag, gis na ko, ndax bi soxna si yegsee ba gis goro bi, dafa ko faa romb, nuyu Ndey, nuyu doom ji, ba noppi dellusi tiim ko ca siis ba mu toog, daldi koy joqarbi ne ko :
- waawaaw, léegi de, xanaa sa xol sedd na, ba nga dóoree sama doom ba mu mujje loppitaal. Fi mu ne nii nag, yaakaar nga ni am nga ndaañ. Yow de, doo rus. Ponkal mu tollu ni yow, wonoo sa doole ji say moroom, xanaa di ko won jigéen, rawatina sa soxna.

Dégén nag, déggul li yaay ji di wax, waaye ni mu ko gise, xam na ne ci xuloo bu metti la nekk. Ñu di ko jéem a dëfal mook Ndey, wànte mënaluñu ko dara. Mu taataar rekk ndax mer.

Abdu moom, li muy wex wex ak li muy naqari deret lépp, dafa mel ni ku muuma, sëgg rekk ndax rus.

Soxna Awaa nga ko naan :
- waawaaw, yow sax de, Dégén mii dafa laa jomb, ndax jigéen ju mën a muñe ni moom, amatul ci seen jamono. Ba mu duggee ca seen kër ga, ba sunu jonn Yàlla tey, nekkul ci jàmm. Nga lakkal ko witt yaak sa waa kër, mu toog rekk di muñ ngir

njaboot. Amalatuloo ko benn njariñ, muy yéeg ci woto yeek a wàcc, dëkk ci coono, lépp ngir seen njaboot bañ a nàkk dara, dimbaleetoo ko, xanaa di ko dóor, mel ni ku yor sa mbaam.

Soxna si nag, li muy wax lépp, xamul ne mu ngi yuuxu ca kow ndax yaram wu tàng.

Ndey jéem na koo téye ba tàyyi, mënalu ko dara. Ndekete coow laa ngay yegg ca biti.

Noona, ci la waa loppitaal ba duggsee di laaj lu xew, ba noppi xamal leen ne fii ay nit ñu wopp ñoo fi tëdd, te dañoo war a noppalu.

Noona, ñu génne leen ca biti.

Soxna Awa Njaay nag, li ñu nekk ca mbedd ma lépp, terewul moom, ma nga ca xuloo ba ba tey.

Abdu moom, ngir bañ nit ñiy romb di leen xoolaat, bëgg soxna si noppi mu ne ko :
- man kay maa tooñ. Maa ngi leen di balu àq. Lii lépp seytaane rekk la. Su neexee Yàlla dootul amati.

Ba mu waxee loolu, defe ni day tane, ndekete dafay yokku.

Goro ba ne ko :

- xanaa yaay seytaane bi, yow mi def sa bopp malaaka, dëkk rekk ci yóbbu sama fitu doom ji. May wax nga naan yaa ngi balu àq ! Mas-sa dafa faj góom ?

Abdu nag, xam ne soxna si moom fippu na, te kenn du ko teree wax li mu bëgg, mu dëgg ay tànk yu dëgër, yaay Awa topp ko di ko yakk lu mel ni xeme.

Fu ñu jaar ca mbedd ma, ñu di leen xoolaat, mu naan ko :
- man miy ndeyam, ba nga xamee ne sonal ngeen ko witt, terewul daan naa ko muñloo ngir njabootam. Waaye nag, ba nga ca boolee di ko dóor suba ak ngoon, guddeek bëccëg, ba noppi ma gis ne la ngay nekk muskàllaf lépp, taxul nga soppiku benn yoon, laa ko daan wax mu génn ci séy bi, jàpp ci Yàlla ; mu dëgër bopp. Wànte bii yoon, na la leer ne, bu génnee loppitaal, xawma dina déggateem déet, waaye dina la abal, ñibbisi ca kër ga, balaa nga koy rey muy pert ; ndax su boobaa, dañu naan rekk ndogal la.

Abdu moom, li soxna si di wax lépp, mu ngi naan ci xelam : «man de tey, dugg naa soxla. Dégén mii de réccu naa li ko sama loxo doon laale. Fi mu ne nii nag, xawma nu may def ba mucc ci coow lii, ak xool yu metti yii ñu nuy xool ci mbedd mi».

Fi muy xalaate loolu, ba yàgg rekk, mu ni bëxërñet, daw daldi dugg ca kër ga mu jëkk a jot, làqu fa.

Noona, yaay Awa aw yoonu këram di ñibbi te naan ko :
- cim ! Doo rus sax. Ponkal mu tollu ni yow, di birdi-birdi ci mbedd mi, di wut foo rawe.

Ba mu eggee këram nag, ba meram giif, muy xalaataat xas yi mu xas goro bi, ba yàgg mu ne ci xelam : «léegi moom am naa jàmm, ndax la ma dencaloon ngóor si lépp ci sama xol, wax naa ko ko».

Ba yàgg, na xelam delloo ca dawu Abdu ya, mu ne teqet di ree te naan : «aka ñàkk jom. Ba mu xamee ne fii lay mujje, tee mu woon a def jàmm».

Dégén moom, ba nga xamee ne liy am am na, ba ñu génne Abdook yaay ji, dafa daldi daanu ca kow xarit ba, di jooy ndax naqar te naan ko :
- Abdu mii de, ñépp xam nañu ne baaxul. Waaye sama yaay mii itam doy na waar. Fi mu ne nii, bu xale yi yegsi woon ba dégg li mu doon yakk seen baay, xawma lu muy wax. Xam naa ne mer na, wànte duma raw man mi tëdd fii. Moone terewul maa ngi ànd ak sama sago. Kon kay, tee moo def ni man.

Ba mu waxee loolu ba noppi, Ndey xam ne lu mu ko wax itam du ko dégg, mu daldi koy lëng, taf ko ci kowam ngir dëfal ko.

Bés boobu nag, goro Dégén ak njëkkeem yi ñëwuñu loppitaal seetsi ko. Mu foog ne Abdu moo leen nettali la fa xewoon, ñu am kersa.

Doom yi nag, ba ñu wàccee lekkool lañu ñëw seetsi ko. Ba jant bi sowee, ba ñi seetsi woon ñi wopp ñi ci loppitaal bi ñépp ñibbi, la Dégén daldi reer, fëgg ab lalam, daldi tëdd.

Ñeenteelu guddi

Naka mu wéet, tàmbalee xalaataat la xewoon ca bés ba : «sama yaay kañ, ni mu yàgge mere Abdu, xamoon naa ne seen daje dina tàng». Noona, xel ma dellu démb ; muy fàttaliku ba nga xamee ne baayam maye na ko, maye bu jamp te Abdu yónnee xaalis bu takku, di may gu jëkk ak warugar.

Abdu ci jamono yooyu, mu ngi doon liggéeye ca Deppob Cees ba, nasaraan naan ko Sëmendëfeer. Moom nag, mekanise la fa woon. Ñoo daan defar saxaar ya daan daw ca raay ba, boo xamee ne am na lu ca yàqu.

Dégén nag, ba koppar yi nëwee, dafa jàpp bésub gaawu, yëgal ko ay xaritam fas yéenee def ab yendu bu mag. Ca àjjuma ja, maanaam ba ñu nee suba la takk ga, moroomam yu bari dañoo daje ca kër ga. Ñii di tànn ceeb, ñii di defar ay beñe, ku mel ni Ndey moom ak ñeneen dem duggi màrse. Lépp ngir di waajal bés ba. Ca ëllëg sa nag, waa kër ga dañoo teel a jóg. Ba ñu nekkee di baleek a fomp ak a rafetal kër ga, fekk na Dégén moom, di léttu ca géwél ya fanaansi woon ngir taaral ko.

Dégén a ngi jekk ci bés bi jekk goo xam ne moroom yi, ku yegsi ba gis ko rekk daldi sarxolle. Ñu ngi ko defaral bopp bi, ookar kanam gi, rëdd yéen yi ba ñu ñuul, mu sol ndoket ak dàll yu mboq.

Bi yoor-yoor jotee, la kër ga fees dell ak nit. Mën nañu ne benn moroomu Dégén desul. Noona, ñoom Ndey séddale beñe yi, ñu jëkke ca, tey xaar añ. Añ ya nag, fekk na booba géwél yi teg seeni mbana ba jublu ci. Booba, xale yaa nga làng ca bayaal ba ca buntu kër ga, misig ba ak sabar ya di rëkk, ñuy fecc pecc mu metti. Ca loolu lañu nekk ba añ ya sotti.

Añ ya nag, bu la ko kenn nettali : ceebu yàpp la ak ceebu jëni jaga yoo xam ne, yu ci gën a neex sa moroom nga ni yii. Ba nit ñi añee ba noppi, xale yu jigéen ya dellu seeni kër yeesalaati seeni tuwaalet.

Dégén, boroom bés bi moom it, géwél ba defaraat ko ba mu gën a jekk. Mu ngi sol, bii yoon, àbbaaya bu weex boo xam ne dañoo berninaa baat ba ba mu fees, mu niroole ko ak dàll ya mu sol. Ba mu tuwaaletoo ci ngoon gi ba noppi, mu jubal mook Ndey ca kër ga ñu dalal bernde bi. Ba ñuy agsi, fekk na seen moroom ya solujiwaatoon jiitu leen fa, ñu taal misig bi, pecc mi mel ni tuq su bënn.

Nis tuuti, ñu séddale ñam yi ak limonaat ji, ñu lekk ba suur. Ba loolu weesoo, moroomi Dégén yi di jóg, kenn kenn, di ko fekk ca taabal ja mu toogoon, di ko jox li ñu koy yebe.

Taabal jaa nga ñu lal darab bu weex tàll, ñu teg ca ay butéelu limonaat, ak i palaati beñe, ak i tóor-

tóor yu bari. Bi timis weesoo, bernde ba tas, ku ne ñibbi sa kër. Bi xelu Dégén soree ca yendoom ba, ba dellusiwaat, la tàmbalee wóbbali, ba yàgg mu for bët. Dafa nelaw tuuti rekk, gént roofu ko : mu ñibbi këram ak ay jooy yu metti, di kalaame Abdu, yaay ja di ko nax. Jooy yooyee ñoo ko yee ci bi fajar di bëgg a jot.

Noona, muy xalaat gént gi, ba yàgg mu ne ci xelam : « gént jooy de moo gën ree, ndax nee nañu bànneex la. Xéy na bu ma génnee ci lii, dinaa jóge ci naqar wi ma dëkke, ba noppi Abdu may ma jàmm ».

Ca ëllëg sa, Ndey moo fa jiitu, ànd ak Njaga, boroom këram, mi doon xaar gaawu jot, mu mën koo seetsi. Ba ñuy ñibbi, Dégén daldi ne xarit bi : - Ndey, dama bëggoon nag, ndegam suba la dibéer, nga toog toppatoo sa kër, te noppaluwaale ci yoonu loppitaal bi, ndax bi ma fi nekkee ba léegi, jéllalewuloo benn bés.

Naka mu wax loolu, xarit bi yëngal bopp bi, fénati ngir xamal ko ne du ko def. Ndey nag, bu weesoo ñëw bi muy def bés bu ne, mu ngi ko booleek di togg di indi, mbaa muy yónnee ak di jënd ay banaana, ak i pom, ak i sorãs.

Bi Ndey demee mook boroom këram, goro Dégén moo duggsi ak ay njëkkeem. Ñooñu dem, yaayaam

ñëw, toog fa ba ñu añ ba noppi, noona sët ya, ñoom Ayda fekk ko fa. Ñoom nag, bés boobu dañoo añ rekk tegu ci yoon wi, ndax duñu jàng gaawu ci ngoon. Bi ñu fa fekkee seen maam, ñu bég lool, nekk fa di bëre ak di kaf ak moom. Nis tuuti, seen maam dem, bàyyi leen ak seen yaay.

Bi tàkkusaan weesoo, ba juróom-benni waxtu di bëgg a jot, ba xale yi tàggu seen yaay bay dem, la Abdu yegsi. Moom nag, bés bii moo mujj a ñëw loppitaal. Naka la ko Dégén gis, ci la xam ne Abdu mii kat, li ko tax a yéex a ñëw tey mooy di daw yaay Awa. Moo tax mu xaar ba mu leer ko ni war naa ñibbi, muy door a agsi. Ñëw ba nag, ba léegi, amul benn soppiku ak ya ko jiitu woon.

Ba mu toogee ne yagg ba ñi seetsi woon ñi wopp ñi war a dem, ci la tàggu jabar ji, daldi ñibbi.

Naka la ko Dégén xool muy génn ak gàcceem, mu yërëm ko, ba yàgg mu ne ca xelam : « man mii de, xam naa ne maa baax xol. Abdu mii, li ma daj lépp ci àddina ndax moom, ak lii mu ma yóbbe, ku ma fekk fii ma toog di ko yërëm, xawma lu mu war a wax. Lii de, bés bu ma juumoon ba nettali ko sama yaay, ci lay génne ci man ba fàww. Waye dama xam ne, lii mu def, réccu na ko lool te xamul nu mu koy defare, moo waral sëgg bii muy sëgg saa yu fi ñëwee, du ma mën a xool».

Juróomeelu guddi

Ci xalaat yooyu la Dégén nekk daanaka, ba bi muy reer, bay fëgg lalam, bay tëdd. Mu jéem a nelaw ba sonn, mënul a gëmm bët ; mu dellu di fàttaliku bernde ba ñu doon bernde mook xarit ya, ba ñu ko mayee.

Ba ñu jógee ci loolu, dañu toog ay fan, Abdu daldi ne Soxna Awa dafa bëggoon Dégén séysi seen kër. Ba mu waxee loolu, goro ba tontu ne ko :
- li nga wax de dëgg la. Ndax jigéen moom, bu ñu ko xasee ba maye dafa war a dem kër jëkkëram, fas yéene séy séy bu rafet. Waaye nag, dama lay ñaan nga may ma mu toogaat fi ba ca kanam. Xam nga ne man moom rekk laa am, te bu demee, dinaa wéet lool. Ba noppi, dama koo bëgg a waajal balaa muy séyi. Moo tax ma lay ñaan nga may ma fii ak ay weer yu néew rekk, bu dee mën naa nekk.

Ba soxna si tontoo loolu goro bi, kooku itam daldi koy nangu. Dégén nag moom, xam na ne li tax yaay ji bañ mu séyi du lenn lu dul ragal mu wéet ak Abdu ngir naqari deretam gi. Noonu la Dégén nekke seen kër, boroom këram di ko fa fekk.

Ba séy bi amee lu war a tollu ci ñetti weer, la yëg ag coppiku ci yaramam, ba noppi mu jékki-jékki tayal, ñu ni déet, foo ko fekk mu tëdd. Ba ko yaay ji seetloo, laaj ko, mu ne ko dafa xaw a feebar,

boole ci dafay miir fu mu tollu. Yaay ji di ko xool, ba yàgg mu am ñaaw njort.

Ba bés, Dégén génne ca biir néegam ak ay daw. Bala koo Soxna Awa di laaj lu xew, mu sëgg di waccu. Yaay ji bàyyi ba mu noppi mu ne ko :
- Dégén, fan yii yépp yaa ngi tëdd di jàmbat wopp. Ñu ni déet, tey ngay waccu. Demal nga solu te ñëw ñu ànd kër doktoor ñu seet la.



Ba ñu yeggee nag, lañu leen wax bettul soxna si, ndax xalaatoon na ko. Dégén dafa ëmb. Mu nekk xibaaru mbégte ci ñoom ñaar ñépp. Dégén nag, ëmb bu metti la ëmb. Daanaka bés bu ne ma nga ca lal ba, amatul benn njariñ. Léeg-léeg mu dem kër doktoor, ñu seet ko, mu dellusi.

Ba mu demee nag ba sori, yaayam digal ko muy doxantuji, bu reeratee ba noppi. Mu di ko def guddi gu nekk ; Ndey, xarit bi, di ko gunge. Su ko defee, ñu jóge Jaxaaw tàllal tali màrse bi nga xam ne day leer nàññ bu guddee, dox ba ca feccukaay ba ñu naan Sàngomaar, jël seen ndeyjoor, jéggi raay bi, romb fi ñu naan Farmasin-di-raay, tàllal ba Palaas-dë-faraas, door a waññeeku.

Ñuy dem ba Dégén dugg ci juróom-ñeenti weeram. Mu tàmbali di yëg metitu biir. Metit wi nag, dem na ba am ayu-bés. Ci la ko yaayam nee dafay loppanti. Genn guddi, mu yeewu mënatul a nelaw, ndax metit wuy gën a tar.

Li ko jiitu, biir bi dafa doon def, bu mettee ba yàgg, mu bàyyi lu xaw a yàgg, mujj gi, metit wi di gën a jegeyoo, ñu ni déet, mu gën a ràkkaaju.

Noona, mu daldi yee Abdu mi nga xam ne guddi gu ne fa lay fanaan, kooku dem fëggi Soxna Awa ñu daldi koy yóbbu maternite.

Ba ñu yeggee, ñu seet ko, ne leen mat gee tàmbali, waaye des na. Ñu daldi yóbbu Dégén ci ab néeg, tëral ko fa. Mu nekk foofu ab diir, ñu toxal ko ci beneen néeg, yéegal ko ci ab taabal, tëral ko, ñu pikkiir ko ñaari pikkiir, sampal ko butéel yu def garab. Mu jékki tuuti rekk, mel ni mbir mi dafa ko yëngal. Metit wa gën a ràkkaajooti ba mënatu koo muñ, mu ubbi gémmin gi daldi yuuxu ba fa baatam yem :
- wóoy sama ndey, tey laay dee !

Saasfaam ya daldi ñëw tiim ko, di ko dëfal. Ñii naan ko muñal, léegi mu jeex, ñii naan ko tuddal Yàlla. Metit wa jékki jékkeeti gën a tar, mu yuuxooti daldi ne :
- Laa ilaaha illa Laa. Yaa Latiif.

Noona, am ay jigéen yu duggsi, sol ñoom it ay bulus, yuy liggéeye ca loppitaal ba, kenn ne ci :
- xanaa masagul a am doom ?

Saasfaam ya ne ko déedéet ; mu teg ci :
- ndeysaan, taaw la, moo tax kay mu sonne nii !

Dégén nag, la nit ñiy wax lépp, moom xamul fu mu féete ndax metit. Mu ngi ci diggante dund ak dee.

Bu yëf yi demee ba mënatu koo muñ rekk, mu fëgg gémmiñ gi.

Léeg-léeg mu jóg ca fa ñu ko tëral, daldi toog, saasfaam ya tëralaat ko te naan ko :
- bul gaañ sa doom. Bàyyil jóg bi. Yaa ngi ci mat, te nii ngay def mën naa rey sax sa doom. Ëmb ak ni mu mettee, juróom-ñeenti weer ngay feebar, di miir, di waccu, loolu lépp weesu, ba nga xam ne léegi nga génn ci, bu neexee Yàlla, nga bëgg a rey sa doom !

Fi ñu ko waxe loolu ba muy jéem a muñ, la xëppe ndox ; noona saasfaam ya wër ko ngir dimbali ko mu wasin. Ñu nga ko naan :
- puusal !
Muy puus, di puus, ñu naan ko :
- puusal bu baax !
Muy gën a puus, ñu naan ko :
- puusaatal bu baax ! Bul sonal sa doom, ndax, moom it fi mu nekk nii, bëgg naa génn.
Bii yoon nag, lañu ko mujj a wax puusal.

Dafa boole la mu dese woon ci doole, daldi puus bu baax, di puus, ba boppu doom ji di génn, ñu naan ko doy na, muy puus, dégluwu leen ndax rekk yàkkamtee génn ci metit wi, di puus, ñu naan ko doy na, yaa ngi xotti sa bopp, muy door a bàyyi.

Noona, ba nga xamee ne boppu doom ji génn na, saasfaam yi daldi ko xëcc, ni ko ñuxeet génne ko ci biiru yaay ji. Muy doom ju góor.

Naka lañu ko génne, mu daldi yuuxu. Ñu dagg lutt bi, toppatoo liir bi, peese ko, lëmëṣ ko ci benn séru yaayam, daldi koy tëral.

Dégén moom, bi mu muccee, dañu ko mujj a ñaw, ndax xottiku gi mu xottiku ci puus bu metti bi. Ñaw bi nag metti na, waaye li mu jóge, ku ci jóge mën a muñ ab ñaw. Ba tax na, dafa tëdd rekk, muñ ko ba mu yegg.

Waaye, li mu tëdd lépp, mu ngi naan ci xelam : «man de, yaakaaroon naa ne, tey, àllaaxira laay fanaani. Maa ngi sant Yàlla bu baax, bi mu ma defalee ma mucc. Bu ma jógee fii nag, li may jëkk a def mooy balu àq sama yaay, ndax lii kat, ku ci jaar, ba xam la sa way-jur dajoon, ca ba ngay ganesi àddina, war nga koo balu bu baax».

Dégén nag, bi doom ji génnee, ba yuuxu, ba mu xool ko, mbégte ma mu am foofu, masu koo am, ba mu juddoo ba ca bés booba. Mbégte la moo xam ne kenn mënu koo natt. Ba tax na, daanaka dafa fàtte metitu wasin ga. Dégén nag, fa muy fàttalikoo ba yegsi ca ba mu amee doom, la ko nelaw fëkke.

Ba suba teel jotee, la yeewu daldi ne ci xelam : « xaaral wallaay ma jóg, teel a toppatoo sama bopp, ndax tey bésub dibéer la. Nit ñi dañuy am jot, te xam naa ne ñi ma jotul woon a seetsi ñépp, tey

lañuy ñëw. Waaye man de, li ma metti mooy su ñu ñëwee itam, li ñuy wax ak man, duma ci xam dara, ba daanaka dañuy xal a toog rekk ne patt, ba seen waxtu ñibbi jot, ñu dem. Lii lépp nag, Abdoo ma ko yóbbe – waaye, bàyyi naa ko ak Yàlla ».

Na ko Dégén xalaate woon la ame. Bésub dibéer bi tax na ba ñi ko seetsi bari lool. Doom yi nag, ñoo fa jiitu, bi yoor-yoor jotee ; li ñu dul jàng ci bés bee tax. Ba xale yi yegsee ba ci kanam, la Soxna Awa ñëw, toog fa ab diir, daldi dellu. Ndey yegsi, bi añ di waaj a jot, ëmbaale boolub añ bu mu ko yakkal, toog tuuti sog a ñibbi.

Ba ngoon jotee nag la nit ñi tàmbaliwaat di ñëw. Doomi Ndey yi nga xam ne ñoom it dañu doon xaar bés bu ñu jàngiwul mën a seetsi seen tànta, daldi duggsi. Ndey nag, ñeenti bant yu jigéen la ko Yàlla may. Bi ñu ñëwee ba fekk fa ñoom Ayda, ñu daldi taal seen waxtaan.

Ba waa kër Ndey yi ñibbee, xaritu Abdu yi ñoom it ñëw seetsi ko. Ñu toogati tuuti, Soxna Xadi ak njëkke Dégén yi daldi duggsi.

Bi tàkkusaan weesoo, ba daanaka ñi seetsi woon Dégén ñépp dem, ba mu des doom yi, la seen baay duggsi. Mu toog fa ak ñoom ba timis di waaj a jot, ñu daldi ànd ñibbi.

Bi ñépp demee, Dégén di xalaat ñi ko seetsi woon ci bés bi ba yàgg, xel mi dem ci Abdu, ak Soxna Xadi goroom, ak njëkkeem yi. Noona, mu ne ci xelam : « lii de mooy li wolof njaay di wax : xaar ba jaan dem, nga topp ci watit wi di dóor. Dama xam ne moos, ñii, li ma daj lépp ci seen kër gi, awma fa benn noflaay, dimbaliwuñu ma, faalewuñu ma, mayuñu ma jàmm bëccëg, mayuñu ma ko guddi, ñu ni déet ñu di ma tong, tey ñu xaar ba ma tëdd fii ci loppitaal, ñuy door a naan ñu ngi may toppatoo, di jaabante bés bu ne. Yenn yi nag, dama yaakaar ne nattu Yàlla la. Ndax man, sunu boroom dafa dogal ma am jëkkër ju wex, ba noppi sama diggante ak ay mbokkam rattaxul. Tey jii, bu fekkoon sunu diggante neex, mën naa am sax ne duma yëg naqari deretu Abdu, te itam duma xat ca kër ga ».

Juróom-benneelu guddi

Ci xalaat yooyu, la Dégén nekk ba ba muy tëdd. Nelaw yi daw ko, mu dellooti ci pàttaliku ya. Ba mu muccee, dañu koo wàcce ca taabal ja, daldi koy teg ci ab puus-puus, uufal ko doomam, boole ko ak waay, mu delloo ko ca néeg ba ñu ko jëkkoon a dugal, ba muy door a yegsi. Ci la Abdu ak yaayam door a gise doom ji, daldi bég lool.

Soxna Awa nag, bi nga xamee ne dugal nañu Dégén ca saal dakusmaa ba, la dawoon dellu këram, toggali ko ruy, door a dellusi. Ñu toog fa mook Abdu wéttali ko ab diir sog a ñibbi. Foofu la nekk mook doomam, ba mu am juróomi fan, saasfaam yi di ko fa fekk di ko faj, am-di-jàmm yi di ko seeti, di ko indaaleel lu ne.

Ba mu waree génn, ñu xamal ko ne, bu amee fukki fan ak juróom, lay dellusi ngir ñu dindi ñaw ba ñu ko ñawoon. Bi Dégén ñibbee nag, li mu jëkk a def mooy woolu Ndey, xaritam. Fekk na booba, Abdu yónnee na ruy bi, ñu teg ko ci loxo Soxna Awa, maanaam koppar yi nga xam ne moom lañu war a ngéntee liir bi. Bi Ndey yegsee, Dégén xamal ko ne, ndegam mënagul a génn, dafa bëggoon mu ànd ak yaayam, Soxna Awa, màrse jëndali ko li muy sol ci ngénte li, balaa muy gën a jamp. Ci loolu lañu nekk, maanaam di waajal bés bi, ba mu yegsi.

Bésu ngénte li nag ci suba si, kër ga dafa fees dell ak i nit, rawatina ay góor, ñi ñëwoon ci tudd mi. Noonu, yelimaan ji daldi tudd liir bi, ne Abdu tudde na ko baayam Kadeer Gay.



Bi ñu tuddee ba noppi, ñu séddale laax yi. Bi góor ñi lekkee ba noppi, ñu jox ku ne mbuusu beñe, genn wàll gi daldi dellu seen kër.

Ba ñu yakkee añ yi nag, balaa ñuy séddale, dañoo tibb bóoli bu fees dell, rënd ko bu baax, defar ko ba mu jekk, daldi koy yóbbu ci njëkkel Dégén lu jëkk li ñu naan Ayda ak gàngóoram, teg ci keesu limonaat. Bi loolu weesoo, ñu séddale añ yi, nit ñi añ ba suur, naan seen limonaat. Ba ñu noppee, xale yu góor yi teg seen àttaaya.

Bi nga xamee ne julli nañu tàkkusaan ba noppi, Dégén solujiwaat ba jekk, daldi ñëw ca làng ga moroom yi toog, ca bayaal ba ca seen buntu kër. Noonu, xarit yi tàmbali di ko jox seeni ndawtal.

Nis tuuti, Ayda mi nga xam ne moom lañu ko may njëkke, yegsi moom it ca làng ga mook gàngóoram. Ñu indaale walisu liir bi, ñu daldi jublu ci póot mi. Walis ba nag, dara mànkewu ci. Muy ay yëre, dàll, sarbet, saabu, paanu sangu, diwu yaram, litkoloñ, potu sàmbur, séru njaago, mbootu, ba ci ay paketi lañset yi ñu war a wate liir bi, ak ay paketi bulo ak ay keppu yi war a jëm ci bàccum laytaay yi. Bi ñu yebbee walis bi ba noppi, Ayda daldi ciy teg koppar yu bari, ni moo ko fóone jabaram, yëkkatiwaat xaalis bu bari ne moo ko ndawtale càmmiñam.

Bi ko jottalikatam waxalee ba noppi, tàntay Dégén ji nga xam ne moom lañu ko ndeyale moom it daldi jël li fa Ayda indi ci teraanga, xayma ko, ful ko ñaari yoon, delloo ko ko, ne jabaram moo ko ko terale. Bi loolu weesoo, ñu yebbil goro Dégén yi ak yeneen njëkkeem yi ay piisi mbubb, teg ci ay koppar.

Bi nga xamee ne póot mi noppi na, ñu yakk njoganal yi, joxaat Ayda wàllam, ak limonaat ji ñuy diigale mook ñi mu àndal...

Ba ngénte la jeexee, Abdu mi doon xaar Dégén wasin, ba mu mën a soññaat Soxna Awa, ngir jabaram séysi, daldi waxtaanaat ak goro bi, xamal ko ne, bu sañoon Dégén séysi, gannaaw ngénte nañu ba noppi.

Ba mu waxee loolu, soxna si xam ne amatul lay, mu daldi nangu, nangub ñàkk pexe. Ñu jàpp bésub alxames jiy ñëw.

Bi bésu séyi bi jotee, ba ñu war a tollu ci juróom-benni waxtu, kër ñoom Dégén dafa fees dell ak i nit, rawatina moroomam yi ñëw di tàggatoo ak moom. Naka lañu julli timis, ñu yakk cere siim ji, nit ñi reer ba suur.

Booba, woto bu mag bi war a yóbbu Dégén mu séyi, mook ñi koy gunge, mu ngi taxaw ci mbedd mi.

Bi ñu reeree ba noppi, ñu muur Dégén ; waa kër ga, ak tànta ya, ak bàjjan ya, ak xarit ya fa teewoon ñépp daldi toog ca basa? ya ñu fa laloon ca diggu kër ga. Noonu, mbokk yi tàmbali di ko yedd.

Tàntaam ne ko :
- Dégén, sa ndey gërëm na la. Sa baay waxi noppi. Boo yeggee ca sa kër, nanga fexe itam ba sa boroom kër gërëm la, ak say goro, ak képp koo fa fekk.

Bàjjan ba jóg :
- Dégén, man de séy laa la yebe. Bu la Yàlla yóbboo nag, bul dóor ndaw ña, xas mag ña. Nanga woyof toyy ni mbaxane, déggal sa jëkkër, gàttal sa tànk, gàttal sa làmmiñ.

Ba ku ne dee yedd ak a digal Dégén, fekk na moom ak yaay ja, ku ci ne fa nga toog, yaa ngay jooy ba say gët xonq. Ba waxtaan wa jeexee, ñu dëfal leen ba noppi, mu daldi dem nag ànd ak ñi koy gunge, dugg ca biir woto ba.

Naka la woto ba déqi, ñu tàmbali di woy, ak a tëgg, ak a tàccu. Jàppoo ko, ba ba ñuy yegg kër Abdu ca Garã-Cees. Ba ñu yegsee, ña nga fekk foofu itam fees dell ak i nit ñuy teeru séet bi. Fa lañu fekk xaritu Abdu yi, yaayam, ak jigéenam yi, ak seen yeneeni mbokk yu ñëw ngir bés bi.

Ayda mooy njëkke Dégén, moo tax lu kooku xewle mu teew, waaye ma ngay séy ca Ndakaaru. Abdu nag, moom ak yaayam ak jigéenam yi ñoo dëkk. Benn doom bu góor la ci ndeyam, ba noppi, baayam dafa teel a faatu.

Dégén nag, fekku fa wujj mbaa wujju peccargo, waaye fekk na fa ay jeegu koñ bi, ñu ñëw ngir xaxar ko. Ca xaxar ya lañu nekk, di woy, di ko yakk lu ñaaw lu ne, ba ba ñuy joxe laax yi.

Abdu ak Dégén nag, ba ñuy lekk seen wàll, dañu leen boole muur ci benn sér. Bi ñu lekkee ba noppi, mbokki Dégén yi ak xaritam yi mu àndal naan ko «dawal». Mbokki Abdu yi itam naan kooku « dawal », ñuy daw ñoom ñaar, di jëkkante, ku ne bëgg a jiitu sa moroom ca kow lal ba, ndax nee nañu ku fa jëkk, yaay yilif sa moroom. Noona, Abdu daldi tëb rekk ne layy yéeg ca kow lal ba, xaritam yépp àndandoo yuuxu, ngir bég. Ñu nekk ca céetal ga, di bernde ba guddi gi xaaj, ñuy door a tëri.

Bër set, ñu yenduwaat di bernde, di bernde ba jant bi so. Ci xalaat yooyu nag, la Dégén géje xam lu géej giy riir ndax gëmméentu, ba yàgg mu ne këndëŋ nelaw.

Ca ëllëg sa, Dégén dafa biddanti. Ki nga xam ne moo leen di indil ndékki moo ko yee. Bi mu jógee, sangu, faju ba noppi, dafa daldi fas yéenee fudd ay tànkam. Naka la dox tuuti ci biir loppitaal bi, mu gis ay nit ñuy jooy, am ñu tëdd ci suuf ak ñu mel ni ñu leen di dëfal. Noona, mu gis ñuy génne ak nit ci benn néeg, ku ñu sàng di ko puus.

Ni ko Dégén gise, mu daldi xam ne ak nit ku faatu la. Ci la nee ci xelam : « ñii di jooy de, ndeysaan, ay mbokkam lañu war a doon ».

Noona, yaramam yépp di daw, àddinaam yépp tukki. Muy xalaat naan : « céy loppitaal, saa yoo fi duggee rekk, gis ay metit yu la fàttali Yàlla buur bu màgg bi. Lii mooy wone ne àddina du dara, demal maa ngi ñëw rekk la. Ñun ñépp de nii lañuy mujje. Moo tax, yenn jëf yu ñaaw yi, dara jaru ko fi. Bañ nañu ko ba, saa yu sa benn mbokk génnee àddina, dootuloo ci bëgg dara. Doomu aadama bu nekk nag, war nay def léeg-léeg muy dem ci loppitaal yi di seet ña fa tëdd ak seeni metit, ndax xolam toj, mu muñ te xam ne fu nit nekk ci àddina, am na ku mu tane. Te yitam, ñu delloosi xel yi ci Yàlla, ndax lu dul Yàlla, neen la, te àddina yàggul. Ñuy jéem a moytu itam yenn ñaawtéef yi, ndax fii dara saxu fi, lépp a fiy jeex. Ndegam lépp ci ay nettali lay mujje, Yàlla nay doon nettali yu rafet ».

Dégén nag, ci xalaat yooyu la nekk ba yàgg mu daldi gàttal doxantu bi, dëpp ngir yaram wu dee. Bi mu delloo néegam, mu tëdd ci lalam, nekk ci xalaatu àddina yi, ba ni ko nit ñi tàmbalee seetsi. Bés bii nag, daanaka ñi ko daan seetsi rekk ñoo fa ñëw. Li ko wuutale ak yeneen bés yi mooy teewaayu Ayda, njëkkeem li jóge Ndakaaru ngir seetsi ko, bi mu yëgee mbir mi.

Bi mu ñëwee, ba gis Dégén tëdd, dafa daanu ci kowam di jooy rekk, ndax naqar ak gàcce. Ba ko Dégén dëfalee ba mu noppi, muy xultu, lu ne mu yakk ko Abdu.

Dégén moom, di ko xool, déggul li muy wax, waaye xam na ne ci càmmiñ li la nekk. Noonu la Ayda nekke ca loppitaal ba ak ay jooyam ak i xultoom, ba waxtu ñibbeem jot, mu tàggu Dégén, daldi koy jox koppar yi mu ko seetsee woon, door a dem. Bi mu ñibbee, Dégén di xoolaat xaalis bi ba yàgg mu ne ci xelam : « xaalis bi de, li muy neex neex, nekkoon ca sama kër ga di dégg, ba noppi nekk ak sama njaboot ga, moo ma ko dàqal ».

Noona, fi xalaatam yegge ci njabootam, xel mi dem ci Kadeer ma ca Ndakaaru, mu naan Yàlla bumu yëg moom it yëf yi, ndegam Ayda ma mu bokkal dëkk yëg na ko. Muy xalaat ne taawam bi de, kon dina am lu ko metti lool, ndax léegi magum jëmm la, te boo sàggantuwul dina mere baay bi ; Yàlla bumu jote sax ak moom.

Dégén nag, ni ko ki leen di indil ndékki yeewe woon ca suba, noona la ko ki leen di indil reer bette. Bés bi dafa gaaw ci moom lool, ba bi jant bi di so yëgu ko. Bi mu reeree ba noppi, mu fëgg lalam, tëdd.

Juróom-ñaareelu guddi

Xel ma dellooti démb, bàyyiwu ko mu nelaw. Ba Dégén séyee, ba ñu céetal ba noppi, ñi ko gunge woon ñépp dañoo daldi ñibbi. Mu wéet ak boroom këram, ak goroom, ak i njëkkeem. Foofu nag la coono Dégén tàmbalee.

Abdu, bu xéyee dem liggéeyi, mu des fa ak Kadeer doomam ak waa kër ga. Liir bi nag, dafa wex a wex ba jaaxal yaay ji. Bu guddee, du nelaw ak ay jooy. Daanaka, bu fajar di bëgg a jot lay door a nelaw. Ci la Dégén di tàmbali moom it di for bët, su ko defee, nis tuuti suba jot, mu jóg. Bu yeewoo, jublu ci bàccum laytaay yi, gaawantu nekk ci liggéey yu sew yi ci kër gi, maanaam raxas ndab ak ñoom seen, balaa Kadeer di yeewu.

Su kooku yeewoo, mu nàmpal ko, sang ko, mu delluwaat ci ay nelawam. Dégén nag, bu ko tëralaatee ba noppi, dafay daldi gaawantu sangu moom it, dénk ko njëkke yi ngir ñu déglul ko ko, mu daw màrse, dellusi taal añ.

Bi nga xamee ne añ bi mu ngi waaj a sotti, ci la Kadeer di yeewuwaat, ngir bëgg a nàmp. Su ko Dégén nàmpalee ba noppi, gannaaw xam na ne, su ko tëralaatee, du nangu ndax dafa teel a tàmm loxo, ba nelaw rekk moo koy booleek lal, mu daldi koy yóbbu ci njëkke yi, ba yeggale añam.

Bu ñuy añ nag, Dégén du xam lu muy lekk ndax ay yuuxu, mu boole ko ak ñàkk nelaw, ak coono. Su ko defee, mu mos tuuti ci añ bi daldi jóg, ndax biir bu dee. Bu ñépp añee, ba Abdu gont, ba waa kër ga yépp tëdd di noppalu, Dégén gàddu doom ji rekk di dajjant ndax gëmméentu, di nax ak a nàmpal ba ba muy nelawaat. Fekk booba waxtu taal reer jot, mu tëral ko, dellu ca waañam.

Kadeer nag, wex gi mu wex, ku ñëw ca kër ga ne Dégén, bu amee ñetti weer dina weqi ; waaye wexaayu Kadeer moom, romb na foofu ñu ko àppoon. Dem na ba am juróom-benni weer te tey la waalo gën a aay.

Dégén nag, tambali na di jeex ba ku ko gis di ko wax ; ndax nàmpalu góor ni mu mettee, ñu ni déet mu am doom ju wex. Noonu la nekke ba yàgg, muy yëg yaram wu naqari, muy xalaat ne coono bi mu nekke la.

Njëkkeem yi ñoom, ñaar ñi dañuy jàng lekkool, moo tax bés yi ñu dul jàngi lañu koy mën a dimbali ci kër gi.

Ki ci des moom, di seen mag, jàngatul. Bu xéyee nag, li mu koy dimbalee mooy bale diggu kër gi ak néegu yaayam ak seen néeg moom ak ay rakkam. Léeg-léeg mu téyeel ko Kadeer, bu kooku yeewoo fekk mu jàpp.

Dégén nag, li yaramam di naqari lépp, mu ngi ko boole ak di liggéey liggéeyam yépp, mënul fexe ba noppalu.

Mu naan ci xelam : « man de coono bii ma nekke, ñu ni déet ma xaw a feebar te mënumaa tëdd, bu fekkoon sax Kadeer fer, dama koy yóbbu ca sama yaay ba mën a noppalu tuuti ».

Dégén nekke noonu, ba yàgg muy waccu. Yàlla def muy bés bu Abdu xéyul, mu ne ko ma ngay dem loppitaal ndax yaakaar na ne dafa sibbiru. Bi mu ko xamalee waa kër ga, ngir ñu wuutu ko ci liggéeyu kër gi, mu aw yoonu loppitaal.

Ba mu yeggee nag, ba ñu seet ko, la ñu ko wax dafa mel ni dañu koo dóor yat. Li ko waral mooy, dafa defe ne woon ne dafa sibbiru, ndekete yóo dafa ëmb.

Muy nef bu metti, ndax doom ji feragul sax. Bi muy ñibbi nag, xamul fu mu féete ndax bopp bu tëju. Muy xalaat ne coono bi mu nekke, bu ci tegee nef, xamul fu mu koy waxeji. Ba mu yeggee seen kër, ba yëgal leen xibaar bi, goro ba moom, dafa mel ni ku ci bégul.

Ñoom ñaar nag, seen diggante rattaxewul na mu ware. Loolu nag, jiitu na séyam ak Abdu.

Soxna Xadi, li mu bëggoon mooy Abdu séy ak benn doomu bàjjanam bu nekk ca ab dëkk bu ñu naan Xombol.

Waaye Abdu moom sawaru ci woon, ndax nee na séyu mbokk, buy tas, mbokk ga di tas. Ci jamono yooyu la gis Dégén, mu luqi bëtam, loolu yokk a tax waxul ca doomu bàjjan ba dara. Muy lu tiis soxna si.

Bi nga xamee ne lu ne soxna si wax na ko, doomam xamal ko ne bëggul kooku, Dégén la bëgg ; terewul bi ñu séyee itam, mu topp ci noppi doom ji di ko wax mu jël kooku ñaareel.

Abdu nag, saa yu ko yaay ji waxee ba noppi, mu xamal ko ne amul wërsëgu takk ñaari jabar.

Loolu nag di lu naqari Soxna Xadi, mu xaw cee dammal xef Dégén. Dina maslaa rekk ak moom, waaye defu ko lool ci xolam. Bu sañoon, seen mbokk mi mooy séysi ci kër gi.

Loolu nag moo waral, bi mu yëgee ne Dégén dafa ëmbaat, daanaka tegu ci baat, ba yàgg mu dugg ca néegam, fas kanamam. Foofu nag la Dégén tàmbalee jaaxle. Muy xalaat ne dëkkam ak goroom dina metti.

Bi mu duggee ci néegam moom it, mu toog jàpp ci bopp bi, di xalaat nu mu war a def. Mu naan ndax dafa war a yóbbu Kadeer ci yaayam, gannaaw ëmbaat na, te fu mu jaar fer, te itam bu bëggee boole loolu lépp ak liggéeyu këram dina doy waar.

Xel mi di werante ba yàgg mu ni moom daal néegul loolu, ndax doom ji amul lu dul juróom-ñaari weer. Kon nag, na xaar ba Yàlla defal ko jàmm ba mu wasin, mu door koo yóbbu ca yaayam.

Noonu la Dégén nekke ak ëmbam, yor doomam ak këram, léeg-léeg mu dem wisit dellusi.

Ba benn bés, am xariti Ndey bu ñëw seetsi ko ; ci seen waxtaan, mu xamal ko ne Njaga dafa koy waaj a ñaansi jabar. Dégén won ko mbégte mu réy ci loolu, ndax ni mu deme ak xarit bi ; te li mu yéene boppam rekk la ko yéene.

Waaye mbégte mi yemul foofu, ndax mu ngi naan ci xelam, ndax Yàlla mu mën a rëcc dem yenduji Jaxaaw, ba noppalu tuuti, gisanteek yaayam mi mu namm lool. Nga xam ne, bi mu séyee ba tey, amul benn jot ju mu mën a deme seen kër, ni mu ko bëgge. Moo tax mu yàkkamti bés bi ñëw, ba mu mën a waxtaan ak yaayam bu baax.

Ci pàttaliku yooyu, la Dégén nelawe, fekk guddi gi xaaj.

Ca ëllëg sa nag, di juróom-ñaareelu bés bi Dégén def ci loppitaal bi, dafa yeewu lu yàgg, tëdd di xalaat boppam.

Mu naan ci xelam : «def naa fi ayu-bés te ba léegi amul benn soppiku ci man ndax sama nopp yi tanewuñu ; mbaa du dama naratul a déggati ci àddina !».

Noona, mu wiccax bopp bi daldi ne :
- man de, muñ gi ma toogoon di ko muñ ca kër ga, maa ngi werante tey ndax jar na ko am déet. Ndax waruma woon a topp sama waxi yaay, ba nga xamee ne sonn naa lool, mu yërëm ma ba ni ma naa ñibbisi suñu kër jàpp ci Yàlla ? Yaakaar naa ne, su ma ko déglu woon, duma yegsi fii tey. Waaye li ma doon bañ, moo di dem bàyyi sama njaboot gannaaw, ñuy tumuránke, mbaa ñu nekk ci mbedd yi di taxawaalu, duñu toppatoo seen njàng, ëllëg seen moroom yépp tekki, ñu des. Dem naa sax ba sama yaay naan ma :
- yow de, li nga nekke, dama defe ni teyuloo ko ; Abdu mii, xanaa dafa la liggéey ba nga xam ne mënuloo koo bàyyi, ndax sonal gi mu la sonal moom ak ay mbokkam te mënuloo fexe ba jóge fa jaaxal na ma !

Su ko defee, li ma ko daan tontu mooy :
- man de yaay, fi ma nekk nii séyalatuma Abdu, sama njaboot laay séyal ! Ndax kat, dama defe ni

jigéen, bu demee ba jaboot, lu mu mën a daj ca këram itam, war naa bàyyi xel ci ay doomam ak seen ëllëg, bañ a rekk dem yoonam wuti noflaay, fàtte leen. Man de Dégén, bokkuma ci jigéen ñiy def loolu, ndax néeguma ko. Sama xol nag, jeex na tàkk ci li ma dal ak ñàkk a dégg gi ma dab, te kenn tegu ma ko, ku dul sama boroom kër, ba tax maa ngi saalit. Maa ngi ciy balu sama boroom. Waaye, muñ ga ma doon muñ, xam naa ne am na ci fànn bu mu ko jare, ndax Yàlla may na ma dund ak kàttan, ba ma mën a yar samay doom, di leen tette ba ñu màgg, di toppatoo seen njàng, di leen xamal ne jàng rekk mooy tax ëllëg ñu tekki ba mënal seen bopp, mën a dimbali seeni way-jur.

Noona la Dégén nekke ci xalaat yi ba yàgg, mu gis leer gi muy dugg ci néeg ba ; moo ko fàttali ne bër set na.

Abdu moo fa jiitu ak ëmbub banaanaam ak sorãs. Moom nag, ba fa Dégén nekkee ba tey, bés buy ñëw indi ab ëmb bu mu koy neexale, ndax gàcceem gi. Bu ko ko joxee ba noppi, daldi toog cib ruqam sëgg.

Ndey moo ci topp ; ba yàgg yaayu Dégén, Soxna Awa ñëw. Naka mu yegsi, gis goro bi, romb ko fa, nuyu Ndey ak doom ji, daldi toog jàpp njaamburam.

Noona, néeg bi ne selaw, kenn waxul. Ñu nekke noonu ba yàgg, Soxna Awa, ngir mere gi mu mere goro bi ba léegi, daldi tàggoo ñibbi.

Ba mu demee, Dégén daldi noyyiwaat bu baax, ndax ragal gi mu doon ragal yaayam dalati ci kow Abdu.

Juróom-ñetteelu guddi

Gannaaw ba nit ñi ko seetsi woon ñépp demee, la Dégén dellu ci wéetaayam. Li mu nekk ci waajub tëdd lépp, mu ngiy fàttalikooti démb. Bi nga xamee ne jàpp nañu bés bi ñu war a maye Ndey xaritam, ba Dégén war a dem ca yendu ba, la coow li tàmbali ca kër ga.

Dafa tàggu Abdu, ba kooku bàyyi ko, mu yëgal ko goro bi, xamal ko ne dafay yenduji Jaxaaw, kooku ne ko na toog ba taal añ ba noppi, door a dem. Bi mu waxee loolu, Dégén ne ko na ko xale yi dimbali taalal ko, ndax digganteem ak Ndey, bu sañoon, dafay teel a dem ca bésam ba, feyi ko boram. Ndax kat, ba ñu daleeànd ba tey, lépp lu mu mas a xewle, Ndey moo fay jiitu, jàpple ko ba mu jeex.

Ba mu waxee ba noppi, goro bi ne ko :
- sa xarit bi, booba dafa amoon jot, ndax janq la. Bokkuleen, yéen ñaar, yow dangay séy !

Dégén tontu, ne ko :
- loolu de dëgg la. Moo tax bi ma séysee ba léegi, daanaka génnuma kër gi ; du kër ñoom Ndey, du suñu kër, du fenn fu ma ci dem ñaari yoon. Waaye ndegam dañu koy maye tey, na ma xale yi dimbali rekk toggal ma ba ma ñëw !

Lépp lu Dégén mën a wax itam, taxul goro bi ànd ak moom. Noona, Abdu dégg wax ji, daldi ñëw ne yaay ji na ko bàyyi mu dem, ndax Ndey xaritu benn bakkanam la, te xale yi ci kër gi mën nañoo togg. Ba Abdu waxee loolu, soxna si mer, ne wërëñ dugg ci néegam.

Dégén itam gaawantu defar Kadeer, daldi solu ba noppi, gàddu doomam dem. Bi mu yeggee Jaxaaw, mu jëkk a jaar seen kër, ngir bàyyi fa Kadeer, waxtaanaat ak yaayam.

Naka la ko Soxna Awa gis, ne ko :
- kii du Dégén. Ey Faal Njaga, na nga def. Namm naa la. Ndekete nii nga mën a muñe sa yaay. Bi nga séyee ba tey, juróom-ñaari weer, benn yoon rekk nga ma seetsi !

Mu tontu, ne ko :
- ey yaay, xam nga ne moos loolu ñàkk pexe moo ko waral. Bu ma sañoon, bés bu ne nga gis ma, waaye dama amul benn jot. Xam nga ne yor doom rekk dafa doy liggéey. Ba noppi, bu ma xéyee nekk ci liggéeyu kër ga ba jant bi so. Moo tax mënumaa dem fenn.
- Man kay dama lay tooñ rekk, waaye xam naa loolu. Séy nag moo mel noonu. Toogal sa kër, def sa warugar ba mu mat sëkk, moo ma gënal ! Su ma la gisul itam, te di la dégg ci jàmm rekk, mu baax. Te man, lii laa doon ñaan Yàlla, dund ba

nga am jëkkër, ba séyi ci jàmm. Sa liggéeyi kër nag, bu ci xaar kenn. Boo gisee ku la dimbali baax na, boo ko gisul, nga góor-góorlu teel cee jublu. Boo yeggalee, tëdd, noppal say yax. Man nag, woto yi ñu ngi fi. Saa yu ma la nammee, dinaa la seetsi. Waaw, ma xool nag Kadeer sama jëkkër ji, ndax mu ngi rafet ! Naka la def, mbaa wexaay bi mu ngi wàññeeku ?
- kii de yaay, mu ngi ca na woon ba tey. Ba léegi duma nelaw guddi !
- Moom de, bu feroon sax, nga indil ma ko, ma aw la, su ko defee mu wéttaliwaale ma.
- Yow de yaay yëguloo li xew. Kii de fer na, ndax dama ëmb.

Bi Dégén di wax loolu, yaay ji gis na ni muy ñagasale kanam gi. Mu ne ko :
- Alhamdu li Laahi Rabil aalamiina. Ma sant Yàlla bu baax ; waaye yow de, ni ma la gise, dafa mel ni sa ëmb bi béguloo ci lool.
- Ey yaay, coono gi ma nekke, ba noppi teg ci ëmbaat xaat, xam nga ne moos metti na.
- Yéen xaley tey yi, dangeen tayel rekk. Wànte lii nga am, am na sa moroom yoo xam ne, ñu ngi ne siiw bëgg cee jot, mu të leen, fu ne ñu dugg fa di ñaanlu. Am na ñu séy ba xéy dee, te doom toppu leen ca. Man mii di sa ndey itam, maa ngi nii, yow rekk la ma Yàlla dénk. Moone bu ma sañoon duma yem foofu. Waaye loolu la Yàlla dogal. Kon nag, delloosil sa xel, te sant sa boroom. Kadeer mii nag,

bu dee moo la jaaxal, ndegam fer na, danga ma koy indil.
- Yaay de sonn naa lool, waaye Kadeer dafa tuuti, te kon dafa may wéetal, xaaral ba mu am sax boog at, ma indi ko. Man sax de yaay, am na leneen lu ma jaaxal, muy Soxna Xadi. Moom de, bi mu yëgee sama ëmb bi ba tey, dafa ma dammal xef. Tey sax, bi ma Abdu bàyyee ma yendusi, xaw na faa indi coow. Loolu lépp nag, yaakaar naa ne seen mbokk mi mu bëgg mu séysi fa moo ko waral.
- Yow daal Faal, li ma lay digal mooy, bu kooku ñëwee ak bu ñëwul yépp, bu ci sa yoon nekk. Toppatool sa séy ni mu ware, jàmmool ak ña ca kër ga ñépp. Te bumu yàgg mukk ba nga tontonteek sa goro, mbaa nga jote ak moom. Ndax sa kilifa la, mooy sa way-juru boroom kër. Nanga ko jàppe ni nga ma jàppe man miy sa ndey, nga xam ne masuloo maa jàll benn baat. Te wolof njaay dafa ne « liggéeyu ndey : añub doom ». Loo liggéey ca sa kër jëkkër rekk la la Yàlla di fey ci sa njaboot.
- Waaw baax na. Li nga wax lépp dégg naa ko, léegi nag maa ngi yegg ca takk ga.

Ba Dégén yendoo kër ñoom Ndey, jàpple ko ba xew ma tas, mu dellu seen kër, jël doomam daldi tàggoo.

Ba muy dem, yaay ji gunge ko ba ca yoon wa, mu ne ko :
- nanga bàyyi xel ci li ma la wax. Boo demee, bul

xuloo, bul xeex. Man miy sa ndey, yarewuma la loolu. Ku la mën di wax dara ak lu mu mën a doon, bul tontu, rawatina sa goro. Man nag, maa ngi yem fii. Jëlal woto te daw ñibbi, balaa muy gën a guddi. Dénk naa la Yàlla buur bu màgg bi.

Bi Dégén di fàttaliku ba yegsi ci fi muy tàggatoo ak yaayam, la xel mi tàmbalee jaxasoo, ndax gëmméentu. Yëgul sax ba muy nelaw.

Ca ellëg sa, di juróom-ñetteelu fan yi mu def ci loppitaal bi, yaayu Dégén, Soxna Awa, ak yaayu boroom këram, Soxna Xadi, ñoo fa daje, seetsi ko. Ni ñu fa dajee nag, neexul Dégén.

Ndax ni mu leen gise, goro bi mu ngi jéem a maslaa ak yaayam, waaye kooku moom, dafa koo mere moom it te nëbbu ci dara, ba tax na, dafa ne fóññ-fóññaaral, fas kanamam ba mu dëgër, toog jàpp njaamburam.

Noona, Dégén naan ci xelam : « Yàlla baax na, ba nga xamee ne, keroog ba sama yaay di xuloo ak Abdu, waa loppitaal bi dañu leen génne woon. Bu dul woon loolu, li ma leer mooy tey dina xuloowaat ak Soxna Xadi. Te kii, ni ma ko gise nii, moom it gàcce mu ngi koy bëgg a rey ».

Kersa gi mu àndal tax na ba, ba nga xamee ne jéem naa wax ak Soxna Awa ba tàyyi, kooku bañ

koo xoromal, dafa gàttal seetsi bi, daldi tàggoo ñibbi. Ba loolu weesoo, ba ñu wéet mook yaayam, la doktoor ba duggsi.

Duggseem bi nag, jaaxaloon na Dégén, ndax fekk na mu ñëwoon ca suba, ba seet ko ba noppi. Noona, mu nuyoo ak Soxna Awa, wax ak moom lu xaw a yàgg, door a geestu Dégén, di ko jéem a xamal li ko indiwaat ci ay liyaar. Moom nag, bi mu fi nekkee ba tey, noonu la doktoor bi di waxe ak moom, ba daanaka léegi, saa yu ko liyaaree, mu xam li mu ko bëgg a wax.

Bi mu ko liyaaree nag ba noppi, la Dégén xam ne dañu koy waaj a yóbbu ci beneen loppitaal bu gën a mag, bu nekk ca Ndakaaru, ngir ñu jéem faa faji nopp yi.

Bi doktoor ba demee, ba yaayam ñibbi, ba doom yi fay mujj a ñëw dem, la leen Dégén yëgal xibaar bi, ba noppi ne leen, bu ñu yeggee, nañu ko wax seen baay, ndax bi ko ko doktoor bi di xamal, fekk na mu ñëw ba dem. Mu dellu ne leen ñu dem itam kër Ndey xamali ko ko.

Ba mu waxee ba noppi, la xale yi yépp daanu ci kowam di jooy. Mu di leen dëfal, di leen yedd, naan leen :
- ne woon naa leen ngeen sant Yàlla. Ndax fii ma tëdd, tane naa fi ñu bari. Kon nag, muñleen ; maa

ngi dem Ndakaaru, te xawma kañ laay ñëw. Nangeen góor-góorlu ci seen njàng, jàppoo, nekk benn. Maa ngi leen di dénk Yàlla buur bu baax bi. Te na leen leer ni, fu ma mën di nekk ci àddina, sama xel ak sama xol du jóg ci yéen. Te bés bu Yàlla sàkk ma di leen ñaanal.

Bi xale yi ñibbee nag, ba Dégén wéet, mu naan ci xelam : « céy Yàlla ! Abdu moo gàddu sama àq dëgg-dëgg ! Man de, yaakaar naa ne, sama coono ci àddina narul a jeex mukk. Dama xam ne moos, ni ma sonne woon, dem ba Yàlla buur bi bett ma ak i xéewal, ba nga xam ne sama àddina tàmbali woon na di soppiku, may mënal sama bopp, ak sama njaboot, Abdu yóbbe ma lii ! Fi mu nekk nii, sama liggéey yépp a ngi taxaw, ñu ni déet, ñu ngi nii nar maa dugal ci woto yi, di ma garaŋ-garaŋee jëmale Ndakaaru te xawma kañ laa fay jóge, ñu ni déet, ma nar a sori sama njaboot, li ma doon bañ ay ati at, ba tax ma toogoon ca seen kër baay ga, muy metti lool. Bu fekkoon ne wóor na ma sax ne dinaa wér mu jar ko, waaye mën naa dem foofu te duma fa jële ag tan. Ndax fii, li ma fi nekk lépp, na ma meloon ba ma fiy door a ñëw, laa mel ba tey, te xaw naa fee yàgg. Xanaa rekk ma teg lépp ci loxo Yàlla, di ko ñaan mu sàmmal ma sama njaboot gi ma fi nar a bàyyi, te dimbali ma, bu may ñibbisi di dégg na ma daan dégge ».

Juróom-ñeenteelu guddi

Guddi gu mujj gi Dégén def ci loppitaal, xalaat yépp dafa dellooti ca ba mu jógee ca takku xarit ba. Ca la nekkam ca kër ga tàmbalee naqari. Ba mu ñibbisee, dafa jubal ca néegu goro ba, nuyu ko, kooku bañ koo fey. Mu dem nuyu njëkke yi ba noppi door a dugg néegam. Foofu la jóge, buy wax ak goro bi, mbaa mu di ko nuyu, mu koy feye bakkan.

Ñu ni déet, njëkke yi itam seen yaay wàll leen ba léeg-léeg ñu wax ak moom, léeg-léeg ñu tong ko, ba nga xam ne jàpple ba ñu ko doon jàpple yenn saa yi ci liigéey yu sew yi ci kër gi sax, dañu caa génn ; coonoom di gën a yokku...

Mu boole ci di wéet, ndax, gannaaw jëkkër ji li mu fay yendu bariwul ngir liggéeyam, lu ci bari dafay toog, du am ku mu waxal, su ko defee xel mi nekk ca yaayam ak xarit ba, mu naan ci xelam : « céy, bu ma Ndey jege woon sax mu tane. Waaye ma nga séyi ba Taaxikow».

Noonu la Dégén nekke ay weeri weer, léeg-léeg Ndey ñëw seetsi ko, moom mi ko ëpp jot, ba Yàlla defal ko jàmm mu wasin. Ba mu amee doom, muy jigéen, Abdu tudde ko Ayda, jigéenam bay séy ca Ndakaaru te muy njëkke Dégén bu jëkk.

Ba ñu tuddee ba noppi, Dégén daanaka noppaluwul, daldi dellu ci liggéeyu këram. Ñu teg ci ab diir, yaayam Soxna Awa daldi ñëw jëlsi Kadeer ngir aw ko. Waaye, sët ba ay fan la def ca moom, Abdu lakkal witt Dégén ne ko na dem jëli doomam ndax dafa koo namm. Ba mu waxee loolu, kooku ne ko :
- xam nga ne moos maa la gën a namm Kadeer. Waaye, fi ma nekk nii, duma ko mën a boole ak Ayda, ak liggéeyu kër te awma ku ma dimbali. Tee nga koo bàyyi mu toog fa ba ca kanam !

Waaye, ba mu waxee ba noppi, la yàq ay waxam, ndax Abdu nanguwu koo déglu. Noona, mu ñàkk pexe, dem jëli Kadeer. Jamono yooyu nag, Dégén dafa daan toog ci néegam ba yàgg mu naan : «man de bu ma doful rekk, muy jàmm. Bu ma xéyee, bëgg a nekk di liggéey, booleek di sang i gune, di nax ak a nàmpal, léeg-léeg ñu àndandoo di yuuxu ci sama kow, ñu ni déet Kadeer léej a léej, may topp ci gannaawam di daw ba jant bi so. Loolu lépp doyul, duma am ku ma waxal te awma yitam jotu dem fenn, naan maa ngi fay waxtaani».

Léeg-léeg, Dégén, ci ñàkk jotam ak coonoom gi mu nekke, yéex a def benn liggéey, lu mel ni bale diggu kër walla leneen ; su ko defee, bés boobu du yendu ci jàmm ndax ay wax ak i kalaame yu ko goro bi di kalaame ci Abdu.

Abdu nag, keroog ba Dégén bëggee yenduji ca takku Ndey, xarit bi, te mu ni yaay ji, bàyyi na Dégén ba noppi, na xale yi ci kër gi taal, la ko soxna si mere ba tey. Te nettali na woon Dégén ne ko, gannaaw ba mu demee, yaay ji dafa ko doon xas, naan ko :

- waawaaw, jigéen nga nuy jënde, man sa ndey ak say jigéen, ba tax nga di ko faral. Waaye, na leer ni, ñii séyuñu, moom mooy séy te liggéey bi ci kër gi yépp moom la war. Léegi nag, dimbali bi ko xale yi doon dimbali sax, dinañu ci génn.

Loolu ko yaay ji waxoon nag, tax na ba, su ko kalaamee ak Dégén, dootul ñemee féete ak jabar ji ; su ko defee, ci kow Dégén lay dal, ne ko : «yaa deful li nga war a def». Te bu Dégén juumee ba ne na ko njëkke yi dimbali, goro bi ne ko :

- ñoom séyuñu, yaay séy. Yow mi ko sómbi, nanga naan.

Su ko defee, Dégén ne patt, di def liggéey bi tax ñu ko doon kalaame te naan ci xelam «céy, séy de metti na» !

Ñu toogati ay weer yoo xam ne, nekkinu Dégén ca kër ga soppikuwul benn yoon, ba bés, baayi Dégén daldi faatu. Noona, mu jël ay doomam daldi dem seen kër, toog fa ba ñu dëj ba noppi. Ba muy waaj a dellu kër jëkkër ja, mu waxtaanaat ak yaayam, ne ko :

- man de yaay, ñibbi bi may waaj a ñibbi laay xalaat. Fi mu ne nii, su may yegg, sama coono di tàmbaliwaat. Xam nga ne yore xale rekk dafa doy liggéey, te Abdoo ngi nii bañ Kadeer toog fii, ma war leen booleek sama liggéeyu kër mook Ayda. Séy de, xam naa ne metti na.

Yaay ji tontu, ne ko :

- Dégén, xanaa déggoo li ñu naan «séy xare la, saa yoo ca juree doom, jam nañu la». Séy dafa nekk lu metti, waaye li muy metti lépp, mooy sagu jigéen. Ndax jigéen bu tolloo ci séy te séyul, dinañu ko dëkkale fu ne. Ba tax na, yaay bóoy, dama bëgg rekk nga muñ ndax dangay door a dugg ci séy, te gisagoo dara. Séy nag, mbuusu lem la ak kaani. Dangay lekk ci lem gi ba defe ne yaa ca nekk, kaani gi daldi dikk. Balaa muy neex nag, dina metti lool. Ndax ñi nga fi gis tey seen doom màgg ba di leen tabaxal ay kër, mbaa ñu leen di yóbbu Màkka, mbaa yu deme noonu, bu ñu la waxoon fa ñu jaar balaa ñuy yegsi fii, doo ko gëm. Loolu lépp nag, boo fa toogul muñ, ca ba muy metti, du la fa fekk! Moo tax, ba ngay mer ndax nef gi nga nef, ma ni la nga sant Yàlla, ndax jigéen, buy sonn ca biir néegu séyam, ñaan na am fa njaboot goo xam ne ëllëg dina feral ay rangooñam. Kon nag, li ma la wax rekk moo ci nekk. Muñal, ndax wolof njaay nee na « ku muñ muuñ ». Nanga séy séy bu rafet, toppatoo sa njaboot. Muy sa njëkke yi, mbaa sa goro, nanga leen jox ku ci nekk cëram, ba mu mat sëkk. Lu ñu la mën di wax ci àddina, bul xuloo, bul xeex, bul

def mukk loo xam ne dinañu ko mën a xase ëllëg sa njaboot. Lii ma la digal nii lépp nag, boo ko defee, doo ko réccu mukk ëllëg.

Ba Soxna Awa yeddee doom ji ba noppi, kooku daldi dellu ca séyam.

Ñu toog ab diir, Ndey xaritam daldi am doom. Ba bésu ngénte li yegsee, Dégén xam ne, bu waxee seen waa kër ñu taalal ko itam, duñu ko faale, te bu demee te deful liggéeyam coow am, te kóllëreem ak Ndey tax na ba, fu mu jaar, yenduji dimbali ko, mu daldi jóg ca fajar. Ba mu jógee, mu def liggéeyam yépp ba noppi, fekk duggoon na lu jiitu, mu taal añam ba yeggal, door a waaj. Ba muy dem, mu jaar ca goro ba ne ko :
- yaay Xadi, togg naa ba noppi. Bu añ jotee, na xale yi tàngal, ngeen añ, ndax damay bañ a gën a naaje. Bu ngoonee, dinaa teel a ñëw taalsi reer.
Ba mu waxee loolu, ba defe ni moo ca ne, goro ba daldi ne :
- man de Jóob waaru naa ci séyu léegi ; añ bu ñu taal ca njël, ngir bañ a wuute rekk !

Dégén, moom, xam ne lépp lu mu def itam du ci am ngërëm, noonu, mu daldi njatt loosam daldi dem.

Lu bés yi di gën a dem nag, nekkinu Dégén ca kër ga di gën a metti. Waaye, bu fàttalikoo

waxtaanam wu mujj ak yaayam, loolu dooleel ko, mu yokk muñam. Ñu dem ba Dégén am ñetteelu doomam, muy Faatma.

Foofu nag, goro ba mel ni Dégén dafa koo reyal taawam. Mu gën koo dikkale. Njëkke yi itam di ko gaaral fu ñu tollu, naan ko :
- lii de doy na waar, at mu ne jur. Lépp, ngir bañ keneen ñëw. Bu neexee Yàlla de, dina am wujj !

Su ko defee, bu leen Dégén déggaan ñuy wax loolu, mu naan ci xelam : «wolof njaay de nee na, doomu Naar lu mu wax, ca berkelle ba la ko dégge».

Ñuy dem, di dem, ba Dégén talatul sax boppam. Dootul defaru, ba noppi mu jeex tàkk.

Noona, Abdu tàmbali di génn guddi, ñu ni déet, bu ko ci Yàlla xiiree, muy guddee ñibbisi lool. Loolu waral mook Dégén, seen diggante tàmbalee naqari, ñuy jote yenn saa yi.

Genn guddi, Dégén dafa nekk ci diggu nelawam, Abdu door a tërsi. Bi mu ko fëggee, mu ubbil ko ba noppi ne ko :
- yow de Abdu, amuloo sama yërmande, amuloo sama sutura. Ndax man, coono gi ma nekke, amuloo dara loo may feye lu dul di doxi léegi guddi gu jot. Dama defe ni sax, danga am coro.

Ba mu waxee loolu, jëkkër ji tontu, ne ko :
- AA ! mbaa du dangay bañ ma doxaan ! Man may góor, am sañ-sañu takk ñeenti soxna, waxtu wu ma neexee nag laay génn, te saa yu ma soobee yitam laay tërsi. Maay sa kilifa, waaye du yow yaa ma yilif.

Naka la ko tontu loolu, Dégén ne cell, daldi dellu cib lalam tëdd. Desitu guddi googu nag, Dégén mënatul a fexe ba nelaw. Mu tëdd, xol bi woñaaru ndax naqar, muy jooy te bëggul jëkkër ji yëg ko, te naan ci xelam : « nekk ci coono guddeek bëccëg. ñu ni déet, sa boroom kër di la fa bàyyi di seeti yeneen jigéen de metti na ».

Noona, muy xalaat, naan dafa war a demati waxtaan ak yaayam, ba yàgg mu ne ci xelam : « Aa ! jaru ko, ndax bu ma demeet, sama yaay dafa may waarati rekk ak naan ma naa muñ ».

Noonu la Dégén nekke ca néegu séyam, ak coono, ak naqar ak tiis, ak wéetaay. Benn bés, Ndey daldi koy yendulsi. Moom it, léegi am na ñaari doom.

Ba Dégén defee liggéeyam yépp ba noppi, mu jàll mook xaritam ca kow lalam di waxtaan.

Ndey ne ko :
- Dégén, ndekete séy nii la mettee ! Xoolal jigéen, bu amagul jëkkër ni muy yàkkamtee séy ! Te boo

2 - 5

ci xasee ba dugg, ba tàmbali am ay doom, dootuloo moom sa bopp, dootuloo mën a dem fenn, ndax boo waxee, ñu ni la léegi dangay séy. Xoolal rekk man ak yow ni ñu meloon ak ni ñuy géj a gisee léegi !

Dégén tontu, ne ko :
- waaye Ndey yow de, nanga sant Yàlla, ndax sa goro ak say njëkke ñu ngi lay dimbali, ba daanaka metit yu bari ump nañu la. Séyi nga ba am ñaari doom te kenn sonalu la seen kër. Man nag, ba ma yegsee rekk la sama coono tàmbali. Xam nga ni toog naa suñu kër ba Kadeer juddu. Bi ma séysee, ay weer laa ci teg daldi ëmbaat. Foofu la sama diggante ak sama goro tàmbalee ñagas ba léegi.
- Waay, du Yàlla mooy maye doom. Man de maa ngi door a gis nit di mer ci ëmbub jaambur.
- Li ko waaral kat, xam nga ko. Bés bu ne ñu di ma gaaral naan dama bëgg a jur kër gi yépp, ngir bañ am wujj. Te bu ñu sañoon, seen mbokk mi séysi fi.
- Waaye yow, kooku terewoo ko fee ñëw. Abdu miy ndeyi mbill gi moo ko bëggul.
- Loolu dëgg la. Saa yu ko yaayam waxee, mu ne ko amul wërsëgu takk ñaari jabar. Waaye loolu ay lay rekk la. Ndax góor ñi loolu terewu leen a wut ñaareel. Ndax yàgg nañoo gis ku mën-mënam demewul noonu, te terewul mu yor ay soxna yu bari. Su ko defee, du leen mënal dara, ñooñu di daŋ-daŋi, fu ne ñu jaar fa ngir am lu ñu dunde

ñook seen njaboot. Waaye Ndey, bu loolu lépp weesoo, am na loo yëgul : Abdu léegi du yendal, du fanaanal ; mu ngi ci mbedd mi rekk di doxaan.
- Lan ! Xanaa kay déet, Abdoo def loolu ? Céy góor ñii ñoo ñàkk kóllëre ! Abdu mii nga xam ne fi ngeen jaar...
- Gis nga ko de ! Fi mu ne nii, dama talul sax sama bopp, moo tax yeneen jigéen ñi luqi ay gëtam.
- Man sax de Dégén, li ma yëkkati waxaguma la ko. Sama nijaay, umpalewuloo ni komersaŋ bu mag la ca Ndakaaru. Ma bëggoon nag, ñu àndseeti ko, mu lebal ñu xaalis ñu tàmbali di yéeg ci woto yi, di tukki di ñëw, di indi ay màrsandiis di jaay. Su ko defee, góor ñi nga xam ne dañuy soppiku ne kàkkatar, bu ñu nu defalee baax na, bu ñu nu defalul, nu defal suñu bopp, ak suñu njaboot.
- Yow de Ndey, xawma nu ma lay feye ci àddina. Ndax, lii nga ma yéene, ku la bëgg rekk moo la koy yéene. Mënoon ngaa dem sa yoonu bopp te doo ma ci boole, te kon itam duma la ci mere, waaye won nga ma ni danga ma aa def sa genn-wàll ba tax, boo sañoon loo am ma am ko. Ma la ciy gërëm bu baax. Waaye Ndey, fi ma nekk nii, naka laay tukkee ak xale yi ak sama liggéeyu kër, gannaaw amuma ku ma aw, ñu ni déet, Abdu nanguwul ma yóbbu kenn ci xale yi ca sama yaay. Man kay Ndey, dama am nattu rekk. Léegi nag, naa toog jàpp ci Yàlla. Xéy na moom mi ma teg lii, dina ma ko teggil balaa yàgg.

Ba nga xamee ni Ndey ñibbi na, Dégén moom dafa dellu ci nekkinam wu metti, ba benn bés, mu xaarati ba xaaju guddi, Abdu fëgg jabar ji. Kooku daldi mer, bañ koo ubbil. Muy fëgg, di fëgg lu yàgg, mu tëdd rekk fa mu tëdd, ba Soxna Xadi yeewu di laaj lu xew ci kër gi, muy door a ubbi.

Naka la Abdu dugg ci néeg bi rekk, ne ko :
- yow danga may fontoo.

Balaa muy jot a tontu, mu ne ko am mbej fuuf. Ñu ni déet, mu xàccaat, yaay ja téye ko. Noona, Dégén di jooy, jooy yu metti.

Soxna Xadi nag, daldi ne doom ji :
- lii de, bu ko defati mukk ! Góor du dóor jigéen.
Naka la Dégén xéy ca ëllëg sa, daldi dem seen kër kalaameji Abdu ak yaayam. Ba mu nettalee li xew ba noppi, Soxna Awa ne ko :
- Dégén, jigéen dafay suturaal jëkkëram. Ba mu la fëggee, li ngay mer lépp, waroon ngaa bës sa xol, ubbil ko. Waaye nag, loolu itam warul tax mu naan dafa lay dóor. Te sa baay bu doon dund, dina jàppanteek moom, jàppante bu metti. Ndax moom kat masul a nangu lu mel noonu, ndax dafa daan wax ne moom juralul kenn mbaam, kon nag séy du tax kenn di dóor doomam. Léegi nag, jógal ñuànd ba ca Abdu.

Ba ñu yeggee, ba Soxna Awa nuyook waa kër ga ba noppi, mu ne goro bi :
- man de, samay tànk bariwu fi, ndax bëgg rekk Dégén séy. Waaye ay dóor de, duma ko toogaale, ndax kat nit lañu la jox, waaye joxuñu la mbaam.
Abdu tontu, ne ko :
- Dégén dafa tàmm, bu ma génnee guddi, mu mer, ba bu ma koy fëgg, du ma nangoo ubbil, mel ni man warumaa doxi samay soxla. Mag mu tollu ni man, ma taxaw bëgg a dugg ci sama néeg, mu bàyyi ma ci bunt bi may fëgg ba waa koñ bi di ko dégg, ndax loolu jaadu na ?
- Moom kay moo la tooñ, wax naa ko ko ca kër ga. Waaye loolu warul tax nga di ko dóor, ndax jigéen la, te seen doole yemul. Te bu baayam doon dund, walla mu amoon càmmiñ, dinañu jote ak yow. Te man miy ndeyam itam, ànduma ci. Li mu nekke ci kër gi lépp nag umpu ma. Terewul, saa su ne, ma naan ko mu muñ te toog séy. Bu ci ay dóor naree bokk nag, dinaa sàkk pexe.
- Moom kañ, sama xol rekk moo tàngoon, waaye na sa xel dal, dootul am.
- Kon nag baax na. Moom mii itam wax naa ak moom te dootu ko defati.

Bi Soxna Awa ñibbee nag, fan yi ci topp, Soxna Xadi, gorob Dégén ak doom yi dañoo mel ni ñu am kersa ci li xewoon. Ba tax na, fan yooyu, dañoo dellu di maslaa ak moom, Abdu yitam toog ab diir boo xam ne demul fenn.

Dégén tàmbali di sant Yàlla. Wànte, mbégteem mi yàggul lool, ndax ay weer yu néew lañu ci teg, Abdu dellooti ca na woon.

Bii yoon nag, booy seet moo gën a metti. Ndax Abdu dafa dem ca koñ ba, di fa ngoroyoo ak ab xale boo xam ne Dégén moo ko mag fuuf, ba noppi bu leen kooku rombee mook ay moroomam, ñu koy ñaawal. Fekk na Dégén ëmbati. Muy bañ a wax, ndax ba ko Abdu mbejee ba tey, dafa koo ragale xel, ba noppi waxi yaay ja mu ku doon wax ca seen ngoro di dellusi ci moom, saa su ne.

Mu ne patt di muñ ak ëmbam, di miseer guddeek bëccëg. Léeg-léeg, bu demee ba xol bi jeex tàkk, mu dugg ci néegam jooy ba xolam sedd, mu génnaat.

Ñu nekke noonu ba Dégén am ñeenteelu doomam, muy Jatu. Foofu nag, goro bi ak njëkke yi tàmbaleeti, ñoom it, di ko dikkale, ak di ko gaaral. Mu ne patt rekk di muñ.

Benn bés, Abdu toogati ba xaaju guddi, mu yeewati Dégén ndax ay fëgg. Kooku jóg ubbil ko ba noppi dellu tëdd. Abdu di wax ak moom, mu bañ koo faale ndax xol bu jeex, kooku itam daldi mer, ne ko :
- xanaa yow nit waxul ak yow ?

Ba mu waxee loolu, Dégén ne patt rekk, bañ koo wuyu. Mu dellu neeti ko :
- Dégén yow laay waxal ! Nit di wax ak yow, nga mel ni muuma !
Kooku ne ko :
- nit du doxale ni ngay doxale !
- Kon duma nit. Lenn de dinaa la ko xamal, man duma sa moroom, kilifa gu tollu ni man, may wax ak yow nga di ma ñàkkal faayda.

Bi Abdu waxee loolu, laata muy yeggale, Dégén tontu, ne ko :
- kilifa ? Yow doo kilifa ! Kilifa yu baax yi dañuy toog ci seen kër, uuf seen njaboot waaye duñu nekk ci mbedd yi ba xaaju guddi, ñu ñëw di fëgg seeni soxna.

Ba mu waxee loolu, Abdu mënatu koo muñ, noona mu dal ci kowam di ko dóor. Bi Soxna Xadi déggee coow li, mu dawsi teqale leen ba noppi daldi dalati ci kow doom ji ne ko :
- ne woon naa la nga bàyyi gaaw a dóore. Jigéen kenn du ko dóor.

Ba suba jotee nag, la Dégén demati seen kër kalaameji. Bii yoon nag, ba Soxna Awa ñëwee, waxuma la Abdu rekk, waaye waa kër ga yépp la doon xulool.

Mu di leen xas naan leen :

- yéen dafa mel ni yoruleen xolu jullit. Ndax Dégén mii, ba mu séysee seen biir, ngeen ko sonal witt, di ko tong, di ko gaaral, muy muñ, loolu doyu leen ngeen bëgg cee boole ay dóor. Yow nag Abdu, ñaari yoon a ngi. Bu ñettee, li may bëgg mu séy lépp, dinaa ko jëlsi mu ñibbisi, ndax yow xamoo àqu jigéen. Te man mën naa muñ lépp, ba mu des ay dóor.

Ba mu waxee loolu ba noppi, Abdu daldi am kersa, daldi baalooti. Waaye, soxna si dafa koo mere ba faalewu ko. Noona, mu ni wërëñ daldi dem yoonam, tàgguwul kenn.

Bénn bés, Dégén xéy, xel mi yépp nekk ci Ndey xaritam. Mu daldi ne ci xelam : « tey de, li may ñàkk jot lépp, ndegam jàmm am na ci kër gi ci jamono yii, damay teel a def sama liggéey yépp, su ko defee, ma bàyyi fi xale yi ñu xoolal ma leen ma daw seeti Ndey te dellusi».

Ndey nag, ba nga xamee ne ñëw na ca Dégén ba waxtaan ak moom, ngir ñu tàmbalee liggéey di tukki, boobu ba léegi, moom mu ngi ci. Looloo waral seen géj a gise di gën a yokku. Ndey nag, moom it am na léegi ñetti doom. Ba Dégén yeggee ca kër xarit ba, ba jàmmante ak waa kër ga ba noppi, dafa dugg ca néegu xarit ba, ñu taal seen waxtaan.

Ndey ne ko :
- lii ñu naan xol dafay gise, ndekete dëgg la. Man de dama ne woon, suba, su may xëy di la yendusil, ba xibaaraale la li xew. Yaa ngi fàttaliku keroog ba ñuy waxtaan ca sa néeg, te nga naan ma, « yow de santal Yàlla, ndax yaa ma tane ak naan ma Abdoo ngi ci doxaan gu metti », ndekete booba, moom moo feeñle woon. Booba, Njaga itam mu ngi ci woon, waxtu yi ñu ko doon def ñoo wuute woon, moo tax feeñleegul woon. Fi mu nekk nii sax, dafa takk ñaareel.

Dégén ne ko :
- nga ni lan ?

Noona, Ndey dal ci kowam, ñu ànd di jooy. Bi ñu jooyee ba seen xol sedd, Ndey ne ko :
- yaa ngi fàttaliku ba ma Omar, xaritu Abdu, di bëgg, te ma génn ca ngoro ga, ba ma yëgee ne dafa am soxna ? Dama doon bañ a fekkeji, waaye fi mu ne nii, man lañu nar a fekksi, ndax jabaru Njaga ji kat, léegi mu séysi.

Ba mu waxee loolu, Dégén ne ko :
- céy Yàlla. Góor ñii ñoo bon te ñàkk kóllëre. Li ñu naan : « ku ni góor baax na, sa baay nga ko xoole », dëgg la. Boo tolloo ci sag ndaw, mel na nga war a mel, lu ne lañuy def ngir séy ak yow. Boo demee ba tàmbalee jaboot, ba sa taar di wàññeeku, ñu ni la fa ñukk, ni yakk bu nëb, tàmbalee xool ñeneen.

Waaye nag, Yàlla baax na ba nga xamee ne yaa ngi mënal sa bopp. Góor-góorlul ci sa liggéey te jàpp sa njaambur !

Noona, Ndey ne ko :
- waaw yow nag, na nga def ? Mbaa Abdu wàññi na léegi ?

Bi nga xamee ne Dégén nettali na ko fi ñu yegg léegi ba ci dóor yi, Ndey ne ko :
- Dóor, déedéet kay, xanaa ! lii de mooy li sa yaay daan wax. Moom de dafa mel ni ku ko xamoon. Dama xam ne moos, jigéen ni mu sonne ci biir néegu séyam, ku ci boole di ko néeg a dóor, nga xam ne du nit.
- Waawaaw. Li ma gën a metti nag mooy, jigéen, booy séy, dañuy defe ni jaam nga ; lu ne ñu teg la ko, te boo waxee ñu ni la yaay séy.
- Loolu de laa doon waxtaan ak sama dëkkandoo bi, bërki-démb. Moom it mu ngi may nettali ne jëkkëram ku baax la, ku am yërmande, waaye mbokki jëkkër yi ñoo ko sonal. Moo tax nga xam ne séy metti na. Ndax, yow, bu sa jëkkër baaxee sax, ay mbokkam duñu ko ca bàyyi. Yaa ngi fàttaliku Sooda mi dëkkoon Jaxaaw. Léeg-léeg ma gis ko ndax fi muy séy soriwul fii. Moom it nee na mbokkam lay séyal, waaye bu lay wax li muy daj, dangay sax waaru. Te boo waxee, mu ne ñun ñiy séy ak jaambur ñoo tane. Ndax bu nu gisul lu nu xam, mën nanoo dem sunu yoon. Wànte bu dee

séyu mbokk, foo jaar am looy seet. Te bu séy ba tasee, mbokk ga tas. Moo tax ma yaakaar ne séy daal amul fenn fu mu neexe.

Ba Dégén toogee ca kër xarit ba, ba jant di waaj a so, mu daldi ñibbi.

Dégén nag, jamono yooyee, waa kër ga noppal nañu ko tuuti, gannaaw xuloo ba fa yaayam xuloo woon ak ñoom. Ñuy wéy ci loolu ba mu ëmb séex yi. Ñoom nag, gannaaw ëmb lañuy bañ a gis, ñu dellooti ca na woon. Mu nekkati ca coono ba ak miseer ga, ba doom yi juddu, Abdu tudde leen Uséynu ak Asan. Ñuy dem ba séex yi am juróom-ñeenti at. Sëmendëfeer ga Abdu daan liggéeye nekk ci ay jafe-jafe, ñu am ñu ñu fa wàññi, Abdu bokk ca.

Foofa nag, nekkinu Dégén ca kër ga gën a metteeti ; ndax Abdu dafa daldi bàyyi doxi guddi bi, ba noppi, mu mel ni Dégén moo ko teg li mu nekke. Bu ñu nee ñoxor-njaay rekk, mu dal ci kowam, di ko dóorati. Su ko defee, Dégén di ko nëbb yaayam. Ñuy dem ba nga xam ne, bu doom yi feebaree, Dégén du am lu mu leen faje, mbaa ñu soxla ay karrne ca seen lekkool, du leen ko mën a jëndal, ndax ñàkk a liggéeyu Abdu bi tax na ba, lu ñu lekk sax, léeg-léeg dafa leen di jafe, sàkkantumaak leneen. Su ko defee, Dégén sol ay dàllam dem ca Ndey xarit ba, mu di ko dimbali.

Abdu nag, di dugg ak a génn, di wutaat liggéey. Bi mu lijjantee ba sonn amul liggéey, mu nekk ci yëfi boppam ; léeg-léeg mu am as tuut, léeg-léeg daanaka du am dara. Ñu nekk ci jóg ak a daanu. Abdu nag, bi nga xamee ne jamonoom soppiku na, naqari deretam ga dafa daldi yokku.

Benn bés, muy dóor Uséynu mel ni kuy dóor moroomam. Dégén muñ ko ba sonn, mënatu koo muñ, mu ne ko :
- Abdu, tee nga bañ a rey xale bi !

Noona, kooku sippi ko mer mi, daldi dalati ca kowam, di dóor. Foofa nag, Dégén mer, ne ko :
- ba fi sama yaay ñëwee, ne la bu ko sa loxo laalatee, dinaa ko jëlsi ba tey, foo ma dóore ma di ko ko nëbb. Waaye, ndegam amuloo looy rus, mbaa looy jomb, ba tax, sunu njaboot gii nga xam ne léegi ay magi jëmm lañu, rusuloo di ma dóor ci seen kanam, maa ngi dem ca sama yaay xamali ko lépp te abal la sa kër.

Naka la Dégén wax loolu, Abdu daldi tiit, ne ko :
- baal ma àq, dootul am, dama meroon rekk !

Dégén mi nga xam ne yàgg naa dégg wax jooju, bañ koo faale, daldi génn jubali seen kër.

Ba mu nettalee ba noppi, yaay ji ne ko :
- man kay, xamoon naa ne Abdoo ngi lay dóor ba

tey, ndax « jikko ak boroom : pax ». Waaye boo koy nëbbal ba mu rey la, yaa koy yëg ! Léegi nag, gannaaw kii du soppiku mukk, ndax bu naroon a soppiku, léegi bi seen njaboot nekkee ay mag, dina rus a dóor seen ndey, rawatina ci seen kanam, kon nag, jàppal ci Yàlla, nga ñibbisi ci kër gi. Ndax kat, boo fa toogee ba ñàkk fa sa bakkan, yaay pert te bu boobaa réccu dina wees. Man nag, sib naa Abdu ba dootuma teg sama tànk ca seen kër. Demal jëli say bagaas te ñëw, ma xaar la.

Bi Dégén di dellu ngir jëli ay bagaasam, ba mer mi wàcc, ba xel mi dellu ci njabootam ga, lay xalaat naan : « man de wax naa lu ëpp. Mer naa ba tax ma ni sama yaay damay ñibbisi, waaye dina doy waar. Ndax sama njaboot gee ca kër ga, néegumaa dem bàyyi leen gannaaw, ñuy tasaaroo, duma xam ci lu ñu nekk. Te bu dee seen baay rekk, du moom moo leen di toppatoo ; su ko defee, ñu tumuránke. Ndegam ba muy gën a metti laa toogoon di muñ, waxatumalaak léegi, bi ñu tàmbalee di nekk ay magi jëmm ; yeewootuma guddi di nax, ak a nàmpal, ak a satal, bàccatuma ay laytaay, sangatuma, daanaka léegi mënal nañu seen bopp. Te bu ma demee, boo moytuwul, ñoom ñépp seen njàng dina yàqu, ndax seen baay, bu amul lu mu leen jëndale ay jumtukaay itam, li ma ciy fekk di dem ci ku mel ni Ndey mu di ma ci dimbali, du ko ci fekk, da naan rekk amu ko, toog fa mu toog, jàpp njaamburam. Su ko defee, su xale yépp di

tekki ëllëg, sama njaboot des gannaaw, te loolu ñaanuma ko Yàlla. Sama yaay, moo ma ni woon, ñi seen njaboot di dem ba di leen teral, bu seen ndey toogul woon di muñ ca ba muy metti, kon loolu du leen fa fekk. Te sama njaboot gii, bu tekkiwul ëllëg, xawma muñ gi ma doon muñ booba ba léegi, lu muy jariñ».

Noonu la Dégén nekke ci yoon wi di xalaat ba yegsi ca kër ga. Naka mu duggsi, jëkkër ja ne ko :
- Dégén baal ma àq ! Seetal ci xale yi, bul dem bàyyi nu fi !
Dégén ne ko :
- xale yi ngay wax de, yow miy seen baay seetoo leen, nde kon doo nekkeek man ni nga nekkeek man. Waaye nag, man meluma ni yow. Yàlla baax na nag, ba nga leen tuddee, ndax ñoo ma fi nar a bàyyi. Na leer ne dama doon jëlsi samay bagaas, waaye dinaa toog ngir ñoom.
- Moom kay toogal rekk. Sama loxo dootu la laal.

Ba nga xamee ne Dégén nar naa toog nag, mu dellu ca yaayam, ngir xamali ko ko. Naka la wax ak yaayam ba noppi, kooku ne ko :
- Dégén, yow de dama defe ni li nga nekke nii teyuloo ko. Yow de xanaa Abdu dafa laa liggéey. Fi mu ne nii, li mu wax ne loxoom dootu la laal gëm nga ko ba nar a toog ? Ñaata yoon la la ko wax te terewul bés bu ne mu defati ko !

Dégén ne ko :
- Yaay, Abdu taxu maa bëgg a toog. Xale yi ñoo may tax a toog. Te yaay, fii, bu ma fi ñëwee itam, dama lay yokk soxla rekk, ba noppi mënumaa dem bàyyi sama njaboot gannaaw. Te xam nga ne mënuma leen a gàddu ñoom ñépp indi, ndax duñu fi xaj, ndax benn néeg nga fi am. Ba noppi, seen baay du ko nangu.

Bi nga xamee ne lu ne Soxna Awa wax na ko, mënalul dara Dégén, mu ne ko :
- ndegam magum jëmm nga, ba tax na mënuma laa defloo lu la neexul, léegi li ma lay digal mooy, gannaaw léegi xale yi tàmbali nañoo màgg, te Abdu daanaka mënalatu leen lu bari, dangay dem seeti Ndey ma la doon wax ngeen ànd liggéey booba ak léegi am na ay at, mu lebal la xaalis, nga liggéey yow itam. Nga góor-góorlu roy ci moom, ndax léegi kat, gis nga ne tubaarkàlla liggéeyam dox na bu baax. Ndax nga mën a faj say soxla ak sa soxla njaboot.
Dégén ne ko :
- waaw yaay, loolu sax danga ma cee jiitu, waaye moo nekk ci sama xel.

Ba Dégén ñibbee, mu waxtaan ak jëkkër ji ci liggéey boobu mu nar a def, bu ko Ndey lebalee xaalis. Abdu nag, ku ko gis xam ne sawaru ci, waaye ndegam bëgg na Dégén toog, mu ñàkk pexe, ne ko baax na.

Noona, ca ëllëg sa rekk, Dégén dem seeti xarit ba. Jamono yooyu fekk na moom it mu am ñeenti doom. Fa mu nekk nag, Njaga dafa koo bàndoone, féeteek ñaareel ba. Kooku di tàppaas Ndey guddeek bëccëg te bu waxee jëkkër ji faral wujj wi. Waaye nag, moom it mu toog di muñ, di liggéey liggéeyam, bañ leen a faale ngir njabootam.

Ndey ak Dégén nag, fu ñu daje ba ku ne wax sa moroom la nga nekke, ñu àndandoo jooy ba seen xol sedd.

Bii yoon itam, bi Dégén yegsee ba ñu def seen mënin ba noppi, ba kooku xamal ko li ko yëkkati, Ndey dafa ko tontu ne ko dina ci sawar lool, ndax li mu yéene boppam rekk la ko yéene. Foofu la Dégén tàmbalee moom it tukkeem bi. Ñuy dem ba mu am ay at, Yàlla defal ko moom itam liggéeyam tàmbalee dox.

Jamono yooyu nag, Abdu dóoratu ko, waaye xam na ne tukki bi muy tukki neexu ko lool, te lu ñu wax, mu ne ko :
- ba nga tàmbalee mënal sa bopp ba tey, dangaa soppiku !

Dégén dafa daan toog ba yàgg mu naan ci xelam «mbaa du Abdu dafa koo ñee ci wërsëg wi ko Yàlla bette».

Dégén nag, bi nga xamee ne Yàlla indil na ko xéewal, dafa dëkk ci di teral goroom ak njëkkeem yi. Waaye li ñu naan, « nit du nekk sa noon, walbatiku bëgg la», dëgg la. Ndax lu mu leen mën di defal, duñu ko gis, rawatina goro bi, ndax bañ na ko ba, lu mu ko jëndal, xamul ndax dafa koy denc walla dafa koy maye, waaye dootu ko gis ak moom mukk.

Mennum Ayda, njëkkeem la ne Ndakaaru, moo koy gërëm. Kooku nag mooy xaritam ci kër gi. Bañ na ko ba jamono yi mu sonne woon lool, waa kër gi di ko tong ak a gaaral, Ayda dafa daan dagg paas ñëw ba Cees, waxtaan ak seen waa kër, ngir ñu soppi seen doxalin. Waaye daawuñu ko faale, ba noppi, bu demaan ñibbi, ñu naan dafa waane.

Dégén nag, lépp lu mu def ca kër ga, gannaaw bi ko Yàlla wërsëgalee du féeñ. Waaye terewul moom muy def wareefam rekk te naan ci xelam : « Ndegam dañu ni liggéeyu ndey : añub doom, duma tàyyi mukk ci di def lu baax, ngir sama njaboot bañ a des gannaaw, ëllëg ». Noonu lañu nekke ay ati at, Dégén di sant Yàlla, ba xale yi yépp di jànge liise, ba Kadeer am eksameem bi ñu naan bàkkaloriyaa, ba dem ca daara ju mag ja ca Ndakaaru, ñu naan ko iniversite. Li ñuy jàng lépp nag, Dégén xaarul dara ci seen baay, ndax booba dooleem néew na ; su ko defee, Dégén mooy jënd seen jumtukaay yépp ak lépp lu ñu soxla. Ñu nekke

noonu ba keroog ba Dégén jógee ci tukki, ak coonoom ak xaw a tawatam. Moom nag, saa yu jógewaan ci tukki bi, Abdu dafa daan mel ni ku ko mere. Xamul fiir la walla lu mu doon.

Keroog, ba mu añee ba noppi, la tëdd ndax bopp buy metti, mu ni na noppalu ndax coono tukki bi moo ko jàpp. Ci la ko Abdu nee mu fóotal ko mbubbam, mooy coow li tax mu mbej ko, ba indil ko jëyya jii.

Dégén nag, noona la fanaane di fàttaliku ba bër set, gëmmul bët benn yoon. Bi mu jógee, mu tàmbalee waaj yoonu Ndakaaru bi, tey xaaraale yaayam. Soxna Awa nag, dafa teel a ñëw loppitaal ngir jàpple ko mu defaru. Mu indaale ay bagaasam ndax moo fas yéenee ànd ak moom.

Nis tuuti, Abdu mi nga xam ne doom yi wax nañu ko xibaar bi, daldi yegsi, nuyu goro ba, kooku bañ ko fey, mu nuyu jabar ji ba noppi toog ne yagg ndax gàcce. Noonu la tooge ak ñoom, ba ni doktoor ba ñëwe, ñu war a dem nag. Ci la tàggoo ak ñoom, daldi génn ak gàcceem.

Foofu la Ndey yegsee moom it, ak ay waaxoom yu tàng, ngir di ragal a yegsi fekk ñu dem. Mu tàggatoo moom it ak xarit bi, ku ne dalati ci sa kow moroom, ñu àndandoo di jooy, Soxna Awa di leen dëfal.

Yoonu Ndakaaru bi nag, li Dégén nekk ci woto bi leen di yóbbu lépp, mu ngi xalaat bu jógee ci li ko dal ñu mu war a def.

Mu naan ci xelam : « xąwma dinaa tane am déet, waaye su fekkee ne naratumaa déggati ci àddina yitam, duma teree dellu ci sama liggéey. Coow li nag, ci sama yaay la nar a nekk, ndax xam naa ne, su may génn loppitaal, mu naan ma ma ñibbisi ca moom. Dëgg la, léegi xale yi ay magi jëmm lañu, xam nañu, xàmmee. Waaye man daal jomb naa di fay mbaa fase, su ñu génnee, ñu di leen ko xoole. Ndax defe naa ni, kuy séy di muñ ba am ay doomi magi jëmm, war ngaa xalaat leneen lu dul tas. Fas naa yéene dellu ca kër ga, toog gën a uuf sama njaboot, di leen tette. Abdu nag, moom, yaakaar naa ne bii yoon, bu ñu jógee ci lii, loxoom dootu ma laal mukk ci àddina, ndax gàcce gi mu ame ci jamono yii, wóor na ma ne masu koo am mukk, ba mu juddoo ba léegi. Dinaa dellu nag yeggale muñ ga ma doon muñ ngir sama njaboot, te am naa yaakaar ne Yàlla buur bu baax bi du ma neenal. Maa ngi ñaan Yàlla, xale yi yépp dund te barkeel, Yàlla may nu nu fekke seen njariñ te tal ko ».

Noonu la Dégén nekke ci xalaat yi, ba ñuy yegsi loppitaal, loppitaal bu mag la bu ñuy wax loppitaal Dànteg.

Ba ñu yegsee ba ñu yóbbu leen mook yaayam ca ab néeg, ba ñu teg seeni bagaas, la jàll ca lal ba, ndax booba mënatul dara, ndax coono tukki bi ak gëmméentu gi mu fanaane ngir xoole ak xalaat ba bër set.

Naka la nopp bi laal lal ba, mu daldi nelaw.

Àllarba 6 nowàmbar 2002

Caaroy Asiir

NOTE SUR L'ÉCRITURE *

Afin de faciliter la tâche du lecteur non averti, nous avons établi les correspondances phonétiques entre l'alphabet officiel du Sénégal et l'alphabet latin.

1) Les lettres suivantes ont la même valeur phonétique que dans l'alphabet latin utilisé pour la langue française.

a) Consonnes
p - paaka : couteau
b - bakkan : nez
m - mar : avoir soif
f - for : ramasser
t - taw : pluie
n - nelaw : dormir
s - est toujours prononcé sourd comme dans si et non sonore comme base, suuf : sol
r - est toujours prononcé roulé, rafet : être joli.
l - lam : bracelet
k - këɾ : maison
g - est toujours prononcé occlusif comme dans gare et non constrictif comme dans page, garab : arbre

b) Voyelles
i - cin : marmite
é - sér : pagne

2) Les lettres suivantes empruntées à l'alphabet latin ont, dans l'alphabet officiel du Sénégal, la valeur phonétique suivante :

a) Consonnes
c - approximativement ce qu'on entend en français dans tiens, caabi : clé
j - approximativement ce qu'on entend en français dans dieu, jabar : épouse
ñ - existe en français dans agneau, ñaw : coudre
x - approximativement ce qu'on entend en français dans chercher. Ce son existe en espagnol (jota) et en allemand (ach-laut), xalam : guitare

q - le son le plus approchant est celui de k réalisé très guttural, au niveau de la luette ; ce son existe en arabe (qarib "proche"), ñaq : sueur

w - existe en français dans oui, woo : appeler

ŋ - ce qu'on entend en français dans les mots empruntés à l'anglais parking, ŋaam : mâchoire

b) Voyelles

a - ce son est plus fermé qu'un a français mais plus ouvert que ë, lal : lit

à - c'est le son a du français, làkk : parler une langue étrangère

e - son è ou ê du français père, tête, set : être propre

ë - son e du français comme dans demain, bët : oeil

ã - voyelle nasale : français banc, sãs : être très chaud

o - c'est le o ouvert de pomme, gor : abattre un arbre

ó - c'est le o fermé de beau, chose, jóg : se lever

u - son ou du français trou, bukki : hyène

3) Les sons transcrits par une double lettre

Les sons mp - mb - nt - nd - nc - nj - nk - ng - nq doivent être réalisés sans e initial en début de mot,

mbër : champion
ndab : récipient
njaay : vente
ngelaw : vent
samp : planter un pieu
bunt : porte
denc : garder
tànk : jambe
xonq : être rouge

Les doubles-voyelles transcrivent des voyelles longues, suuf : sol

Les doubles-consonnes transcrivent des consonnes fortes, bakkan : nez

* Extrait du Dictionnaire wolof-français, suivi d'un index français-wolof, par Arame Fal, Rosine Santos et Jean Léonce Doneux, Paris, Karthala, 1990, 342 p.

Organisation sénégalaise d'appui au développement - OSAD
Site internet : www.komkom.sn/osad
Tel. : (221) 825 39 10 ; (221) 646 50 18

Prix Kadima de l'Agence Intergouvernementale de la Francophonie 2001 dans le domaine de la Traduction

Catalogue des publications

Affichages pour environnement lettré dans les classes

* Abajada wolof (Alphabet) sur deux planches 70 x 50, collectif
* Carte du Sénégal avec noms des localités en wolof, en pulaar et en sereer, collectif.

Manuels d'initiation à la structure grammaticale du wolof et du sereer (formation des formateurs)

* Eléments de grammaire sereer, 1995, 35 pages, Waly Coly Faye.
* Précis de grammaire fonctionnelle de la langue wolof, 1999, 152 pages, Arame Fal.

Manuels didactiques pour l'apprentissage de la lecture et de l'écriture

* Njàngum Wolof, syllabaire wolof, 1993, 32 pages, Aram Faal, Mamadu Njaay, Buubakar Kan.
* A Cang a sereer, syllabaire sereer, 1993, 32 pages, Waali Koli Fay.
* Guide du maître en wolof, Yóbbalub Jàngalekat bi, 1994, 28 pages, Aram Faal, Mamadu Njaay.

* Guide du maître en sereer, A fat ale no o caajangin oxe, 1995, 27 pages, Waali Koli Fay.

* Cahier d'écriture en wolof, 1995, 32 pages, collectif.

* Mbindum baat yi ci wolof, dictionnaire orthographique de la langue wolof, illustré de proverbes, année 2000, 132 p., Aram Faal.

Livres de lecture

* Téere dawal, livre de lecture courante avec illustrations, 1995, 48 pages, Aram Faal, Mamadu Njaay, Mamadu Jara Juuf.

* Ay du weesu baay dee na, recueil de nouvelles, 1996, 36 pages, Mamadu Jara Juuf.

* Nàmm xel, tàggat jikko, recueil de pensées philosophiques, 1997, 60 pages, Góor gi Usmaan Géy.

* Jigéen Faayda, recueil de nouvelles en wolof, 1997, 64 pages, Séex Aliyu Ndaw.

* Aawo bi, roman en wolof, 2ème édition, 1999, 76 pages, Yunus Jeŋ.

* Toftalug Jigéen Faayda, suite recueil de nouvelles en wolof, 1999, 72 pages, Séex Aliyu Ndaw.

* Liggéeyu ndey : añub doom, recueil de contes en wolof, 2001, 64 pages, Maam Ngoy Siise.

* Yari jamono, roman en wolof, 2001, 64 pages, Mamadu Jara Juuf.

* Janeer, roman en wolof, 2001, 64 pages, Séex Adraame Jaxate.

* Taaral ak ladab ci làmmiñu wolof, Esthétique et littérature de langue wolof, 64 p., 2003, Séex Aliyu Ndaw.

* Guy Njulli, pièce de théâtre en wolof, 2003, 160 p., Séex Aliyu Ndaw.

* Bokk Afrig, pièce de théâtre en wolof, 2004, 120 pages, Séex Aliyu Ndaw.

* Pelu' Fela, recueil de poèmes en sereer, 2004, 72 pages, Lewo Sobel Jaañ.

* Màtt, fel ak teeñ, conte en wolof, 2006, 24 pages, Séex Aliyu Ndaw

Livres de calcul

* Téere xayma I ak 2, 1996, 52 pages, illustré, Aram Faal, Mamadu Njaay, Aram Faal.
* Tàggantu ci xayma 1 ak 2, exercices de calcul pour le formateur, 1996, 32 pages, Mamadu Njaay, Aram Faal.

Manuels de vulgarisation sanitaire

* PEV en wolof, Ñakk yu mat : gàllaaj gu wóor, illustré couleurs, 1994, 24 pages, Aram Faal, Mamadu Njaay.
* PEV en sereer, Ñek teyu : teex booru, illustré couleurs, 1995, 24 pages, Waali Koli Fay.
* Carnets de santé PMI français-wolof, Téere Wér, 26 pages, collectif.
* Carnets de santé PMI français-sereer, safe o wod fo ɓaal, 26 pages, collectif.
* Carnets de santé PMI français-pulaar, Deftel Yeewtindorgel cellal yumma e biɗɗo, 26 pages, collectif.
* L'allaitement maternel en wolof : Sama doom dama koy nàmpal, 1994, 16 p., Aram Faal, Mamadu Njaay.
* L'allaitement maternel en sereer : Njiriiñ a numin, illustré couleurs, 1998, 20 pages, Waali Koli Fay.
* La maternité en wolof, Ëmbub Jàmm, illustré couleurs, 1994, 16 pages, Aram Faal, Mamadu Njaay.
* La maternité en sereer, Bodafar ƥuuɓu, illustré couleurs , 1998, 16 pages, Waali Koli Fay.
* Lexique français-wolof de la santé, 1995, 80 pages, Arame Fal.
* Lekkug tànneef, manuel de nutrition en wolof, illustré couleurs, 60 pages, Aram Faal, Mamadu Duudu Njaay.

Education civique

* La Constitution du Sénégal, Ndeyu Àtte Réewum Senegaal (en cours d'actualisation), 1996, 88 pages, Aram Faal, Ahmet Juuf.

Informatique

Lexique informatique Baatukaayu x@mtéef, français - anglais – wolof / wolof - français – anglais, 2002, 64 pages, Aram Faal.

En préparation

* Mellentaan Koote ak ngatoom, 24 pages, conte illustré couleurs, Séex Aliyu Ndaw.
* Ba jaar ganejee kaña, 24 pages, conte illustré, Séex Aliyu Ndaw.

Ndey Daba Ñaan a ngi juddoo Luga, yaroo Cees. Gannaaw ba mu jàngee ba bërëwe, la dem liise Maalig Si, jàngaat fa ñaari at sog faa jóge dem beneen lekkool bu ñuy wax «Cours Pigier», def fa ñaari at, am fa lijaasab sekkarteer. Gannaaw loolu, def na ay estaas ci béréb yu mel ni «Sonatel», «Cabinet d'expertise Mamina Kamara» ak yeneen. Léegi, mu ngiy yëngu ci mbootaayu jigéen ñi ak yeneen kurél yu màcc ci koom-koom. Gannaaw loolu day yëngu it ci njàngalem wolof. Am na boroom kër ak ñetti doom.

Née à Louga, Ndèye Daba Niane a grandi à Thiès. Après le Brevet de Fin d'Etudes moyennes, elle a été orientée au Lycée Malick Sy qu'elle a quitté en classe de première pour suivre une formation en secrétariat sténodactylographe pendant deux ans. Après l'obtention du diplôme au Cours commercial Pigier de Thiès, elle a fait des stages de perfectionnement à la Sonatel, au Cabinet d'expertise comptable Mamina Camara à Dakar etc... Ndèye Daba Niane qui est mariée, mère de trois enfants, milite dans les associations féminines et a été membre du Conseil d'administration du groupement d'épargne et de crédit de Pikine. Actuellement, elle est facilitatrice en alphabétisation.